

Gid pou Kliyan



Enfòmasyon ki enpòtan konsènan sèvis
Divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl
Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts



Massachusetts Rehabilitation Commission

**Creating Opportunities For
Independent Living And Work**

Gid sa a gen ladann enfòmasyon enpòtan osijè moun ki andikape, yo deside ki elijib pou resevwa sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl, pou travay ak Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts (Massachusetts Rehabilitation Commission (MRC) pandan y ap chèche jwenn oswa kenbe djòb yo. Epitou li diskite pwosesis lan pou chèche konnen si yon moun elijib. Si w bezwen enfòmasyon an nan yon lòt lang, tanpri ale nan www.mass.gov/mrc pou w kapab jwenn yon li slang yo ak lyen ki oryante w kote w ap jwenn lang sa yo.

Español (Spanish)

Este folleto contiene información importante.
Por favor, pídale a alguien que se lo traduzca.

Français (French)

Ce manuel contient des informations importantes.
Veuillez demander à quelqu'un de le traduire pour vous.

Português (Portuguese)

Este manual contém informações importantes.
Queira mandar traduzi-lo.

Chinese (中文)

此手册包含重要的信息。
务必请人翻译。

Misyon nou an

Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts lan pwomouvwa egalite, otonomi ak endepandans moun ki andikape. Se pou yo atenn objektif sa yo grasa amelyore ak ankouraje chwa pèsònèl ak dwa pou reyisi oubyen echwe pandan moun ki andikape ap chèche endepandans ak yon djòb nan kominote a.

Vizyon nou an

MRC bay moun ki andikape sèvis konplè pou maksimize kalite lavi yo ak pou yo vin endepandan nan kominote a.

Nou reyalize objektif Misyon ak Vizyon nou grasa divès pwogram ak sèvis yo ofri tout twa depatman nan MRC:

- Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR)
- Lavi nan yon kominote (CL)
- Sèvis pou evalye andikap (DDS)

Gid sa a se yon produi yon patenarya ant Konsèy Reyabilitasyon Eta a ak Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts.

Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts

Charles Carr, Komisè



Chè Kliyan:

Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts (MRC) ap swete w labyenvni. Gid sa a gen ladann tout enfòmasyon ou bezwen pou w kòmanse chèche asistans pou devlope yon mòdvi ki pi endepandan ak satisfèzan. Si w se yon moun ki andikape, MRC gen anpil sèvis ki kapab ede w re pran kontwol lavni w ak patisipe piplis nan kominote w lan. Nou asiste moun ki andikape pou yo kapab jwenn epi/oswa kenbe yon djòb ak pou yo jwenn aksè nan konpetans ak sèvis k ap pèmèt yo pwogrese pou atenn objektif pèsònèl yo. Fason nou pwosede an esplike and etay nan gid sa a.

Tanpri pran san ou pou li Gid pou Konsomatè sa a pou w kapab aprann kijan MRC kapab ede w pou w kapab pi endepandan, pou w kenbe djòb ou genyen koulye an oubyen pou w jwenn yon lòt travay, pou w jwenn enfòmasyon sou lòt pwogram asistans ki gendwa asiste w pou w kapab atenn otonomi sosyal ak ekonomik. MRC ofri anpil pwogram asistans pou ni adilt ni jennjan ki gen laj pou fè tranzisyon an.

Finalman, mwen konnen difikilte ki sou chemen ou poutèt mwenmenm tou mwen te konn kliyan MRC anvan. Lè mwen te pran desizyon pou mwen jwenn sikè epi mwen te aksepte pran responsabilite mwen pou lavi mwen ak pou anbisyon mwen, se lè sa a mwen te jwenn siksè. Mwen espere w ap kapab atenn objektif ou nan travay ak pou w viv yon fason ki endepandan grasa sèvis MRC bay.

Avèk senserite,



Administrative Offices - 600 Washington Street, Boston, MA 02111

Tab dè Matyè

Prezantasyon rapid òganizasyon MRC an	1
Rezime pwosesis Reyabilitasyon pwofesyonèl MRC an	2
Ann kòmanse ak sèvis Reyabilitasyon pwofesyonèl yo	4
Aplike pou jwenn sèvis	6
Travay ak MRC apre ou fin kalifye pou resevwa sèvis	8
Plan pou anplwa endividyèl ou an	9
Travay ak MRC pou pare pou yon djòb	10
Kijan pou w jwenn ak pou w kenbe yon djòb	12
Pran bonjan desizyon konsènan benefis leta w yo	12
Apre ou fin jwenn yon djòb	14
Moun ap esplike nou kijan MRC te travay pou yo	15
Lòt sèvis ak pwogram MRC yo	
Sèvis anplwa pou tout Eta a	17
Sèvis tranzisyon lekòl	17
Sèvis pou Jennjan ak Jenn Adilt	19
Pwogram Asistans Lavi ak Sipò pou moun ki gen omwens 18tan	21
Pwogram Asistans Lakay	22
Sant Lavi Endepandan	23
Blesi nan sèvo ak Sèvis kominotè espesyalize pou tout Eta a	27
Pwogram Sèvis Pwoteksyon	28
Sèvis Teknoloji ki bay Asistans	30
Pwogram Asistans Lojman	33
Pwogram renonsyasyon Lajan Suiv Moun (MFP)	35
Pwogram Angajman Kliyan	37

Anèks

Lis kontwol VR	41
MRC-Biwo Zòn pou Reyabilitasyon pwofesyonèl	43
Nimewo telefòn	49
Kontak ki gendwa itil ou	50
Abrevyasyon yo itilize anpil	51

Prezantasyon rapid òganizasyon MRC an



Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts

Sèvis ak Pwogram yo

Biwo Administratif MRC

Divizyon Lavi Kominotè

Sèvis Pwoteksyon

Pwogram Blesin an sèvo ak Sèvis Espyalize Kominotè pou tout Eta a

Pwogram Swen Lakay

Pwogram Angajman Kliyan

Konsèy Reyabilitasyon pou tout Eta a

Pwogram Sèvis Lavi Endepandan

Pwogram Prè pou Modifikasyon

Divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl

Konsèy osijè Benefis

Sèvis Anplwa pou tout Eta a

25 Biwo Zòn

Divizyon Sèvis Evalyasyon Andikap

Biwo Boston ak Worcester es

Teknoloji ki bay Asistans

Pwogram Tranzisyon Lavi Adilt

Prèske 22zan

Etap nan pwosesis Reyabilitasyon Pwofesyonèl MRC an

1	Referans	Yo rekòmande w pou ale enskri nan pwogram lan oswa se oumenm ki rekòmande tèt ou.
2	Oryantasyon	Ou ale nan yon reyinyon pou pran enfòmasyon osijè pwogram lan.
3	Entèvyou	Yon Konseye pral kolekte enfòmasyon nan men ou pou chèche konnen si w elijib epi l ap reponn tout kesyon ou poze yo.
4	Aplikasyon	Si w panse pwogram VR lan gendwa ede w, depoze yon fòm aplikasyon pou yo ka aksepte w nan pwogram lan.
5	Desizyon sou elijibilite	Nou pral fè w konnen si w elijib pou resevwa sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl MRC.

W ap franchi etap sila yo si yo deside ou elijib pou resevwa sèvis MRC

A	Plan devlopman	Oumenm ak Konseye w lan gendwa devlope yon Plan Anplwa Endividyèl (IPE) ki endike yon objektif anplwa ak lis sèvis ou gendwa bezwen pou w kapab jwenn yon djòb.
B	Kalifikasyon finansyè	W ap dwe itilize yon “benefis konparab” si gen youn ki disponib pou sèvis (yo) w ap eseye jwenn nan men MRC. Yon bousdetid pou kolèj se yon egzanp benefis ou gendwa genyen.
C	Preparasyon	IPE w lan aktive epi w ap pare pou jwenn djòb.
D	Aplikasyon pou yon djòb	Lè yo deside “ou pare pou travay”, selè sa a ou pral aplike pou djòb.
E	Anbochaj	Ou travay atanplen oswa pattaym.
F	Akomodasyon	Jan sa posib, nou asire nou w ap resevwa kèlkeswa sèvis anplis oswa sipò rezonab ou bezwen pou fè travay ou.
G	Dosye an fèmen	Ou fini pwogram MRC VR lan!

Ann mete w alèz ak pwosesis lan

Sou pwochen paj la, w ap wè etap ki genyen anjeneral lè yon moun ap aplike epi l ap resevwa sèvis MRC.

Objektif nou an se pou nou mete w alèz ak konfòtab pandan tout pwosesis entèvyou an ak aplikasyon epi lè w ap resevwa sèvis nou yo, si nou wè ou elijib. Men kèk fason nou kapab fè sa rive.

- Si w ta renmen gen yon defansè epi/oswa yon manm fanmi w ki akonpaye w pandan nenpòt ki moman nan pwosesis la, annik di Konseye w lan sa.
- Sizoka ou pa vle yo refere w opre sèvis MRC VR yo, ou pa bezwen soumèt okenn aplikasyon.
- Si, apre ou fin aplike, ou wè ou pa enterese resevwa sèvis MRC VR yo, ou gendwa retire aplikasyon ou lan.
- Ou toujou gendwa mande pou w pale ak yon Sipèvizè oswa ak Direktè Zòn lan si gen yon pwoblèm Konseye w lan pa ede w rezoud.
- Si nenpòt kilè nan pwosesis lan Konseye w lan pa kapab ede w, ou gendwa mande avi epi/oswa asistans nan men Sipèvizè Konseye an, Responsab plent MRC (Ombudsperson) an oswa nan men Pwogram Asistans Kliyan Biwo Mass lan.
- Si ou pa dakò ak Konseye w lan osijè objektif ou oswa sèvis pou yo mete nan Plan Endividyèl Anplwa (IPE) ou an, ou gen dwa fè apèl.
- Ou gen dwa negosye pou modifiye nenpòt kilè Plan Endividyèl Anplwa ou an.
- Si w bezwen plis sèvis pase sa yo te ofri w, Konseye w gendwa konseye w ei dekri lòt sèvis anplis ou kapab jwenn.
- Si w bezwen asistans apre ou fin jwenn yon djòb, oubyen si w pèdi travay ou, ou gendwa resevwa “sèvis apre-anplwa” oswa retounen nan pwogram lan pou w kapab jwenn oswa kenbe yon djòb oubyen pou w atenn yon lòt objektif anplwa.

Ann kòmanse ak Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl yo

Chak ane Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts (MRC) resevwa resferans nan men pwofesyonèl, manm fanmi ak lòt sous ki panse sèvis pou andikape ki gen pou wè ak travay gendwa itil yon moun yo konnen. Ou gendwa refere tèt ou tou. Nou eseye ede pi gwo kantite moun nou kapab. Gid sa a dekri sèvis nou ofri y oak pwosesis nou aplike pou deside si w elijib.

Premye etap – yon referans fòmèl

Gen anpil chans ou te resevwa Gid sa a nan yon sesyon Oryantasyon MRC. Sepandan, si yo te remèt Gid sa a men ou ou poko kontakte nou fòmèlman, ou gendwa rele oswa vizite yon biwo lokal MRC Reyabilitasyon Pwofesyonèl pou w enskri pou yon sesyon Oryantasyon epi pou w kòmanse pwosesis la pou kontre ak yon Konseye pou pran nou chèche konnen si w elijib. W ap jwenn lis biwo yo nan Anèks la (al gade nan paj 43).

Kisa ki pral rive nan kòmansman?

Touswit apre nou resevwa refereans ou, divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl nou an pral kontakte w. Lèt sa a swa li pral mande w kontakte Konseye w oubyen l ap ba w yon dat ak lè pou randevou. Si yo ba w yon dat ak yon lè presi epi li pa bon pou w, tanpri rele Konseye w lan pou pran yon lòt randevou.

Prepare pou premye entèvyou an

L ap trè itil ou ak Konseye an si w prepare anvan lè randevou an rive pou diskite sèten enfòmasyon ak moun ou konnen byen.

Tanpri li Gid la, ranpli LIS KONTWOL VR la ki nan Anèks la epi pote l avèk ou nan randevou an. Epiou, tanpri pote dosye medikal, lekòl ak lòt dokiman ki resan ki pral ede nou konprann ki kalite andikap ou genyen.

Konseye w lan bezwen konprann sèten enfòmasyon konsènan andikap ou an, tankou dat chak fwa ou te sejournen lopital oubyen egzamen espesyal ak nenpòt ki lòt bagay osijè andikap ou an ki ka enpòtan.

Ou gendwa mennen yon moun avèk ou nan randevou an, si w vle.

De ki sa nou pral pale pandan premye entèvyou an?

Poutèt objektif final Reyabilitasyon pwofesyonèl se pou ede moun travay, Konseye w la nap bezwen gen enfòmasyon osijè istorik travay ou, kapasite jiridik ou pou w travay ak kenenpòt detay (tankou dosye kriminel) oswa konpetans espesyal ou gendwa genyen ki ta ka enfluyanse kalite djòb ou ta dwe kòmanse vle fè. Kanè lekòl, istorik travay, fòmasyon ak lòt enfòmasyon ap itil

anpil. Ou pa bezwen pè si w potko janm travay anvan sa. Anpil moun ki andikape vin chèche asistans nan men sèvis VR nou yo pou yo ka antre jwenn travay pou premye fwa.

Kimoun ki kapab resevwa sèvis?

Pou w kapab elijib pou benefisye sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl MRC, se pou:

1. Ou genyen yon andikap fizik, sikyatrik oswa yon andikap pou aprann (oswa yon konbinezon divès andikap) ki limite anpil kapasite w pou w jwenn epi pou w kenbe yon djòb
2. Yo mete w nan Lòd Priyorite Selkesyon Kategori 1 (si reskrisyon finansyè pèmèt nou ofri opsyon sa a)
3. Ou vle travay
4. Ou dakò pou aptisipe aktivman pou chèche yon travay
5. Ou pral disponib pou kontre ak Konseye an

Kisa Lòd Seleksyon ye epi kijan yo defini Kategori 1?

Lòd Seleksyon fè referans ak pwosesis seleksyon moun ki andikape ki gendwa benefisye sèvis VR lè Komisyon an gen ase lajan pou ofri sèvis bay tout moun ki kalifye yo.

Kategori Priyorite	Pou moun ki:
1	gen andikap ki pi grav yo
2	gen andikap ki grav
3	Andikape

Yo pral konsidere yon moun andikap pi grav si li gen defisyans fizik oswa mantal ki limite anpil twa kapasite fonksyonèl oswa plis (tankou mobilite, kominikasyon, kapasite pou li okipe tèt li, pou pran desizyon pou kont li, konpetans pou kominike ak lòt moun, tolerans pou aksepte travay oswa konpetans pou kapab travay) epi si nou ta dwe atann nou pou reyabilitasyon pwofesyonèl egziye yon konbinezon pi devlope ant sèvis VR ak sèvis sipò, pwobableman sou yon peryòd tan ki long.

Pwosesis Lòd Seleksyon an pa toujou aplike. Li depann sou resous ki disponib nan MRC. Mande Konseye w si sa konsènen w koulè an.

Aplike pou jwenn sèvis

Anvan premye entèvyou an fini, si w panse sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl MRC ta kapab ede w nan yon djòb, ou gendwa chwazi aplike pou resevwa sèvis. Konseye a pral ede w ranpli aplikasyon an.

Kisa ki pral rive apre sa?

Premye demach Konseye a se pou chèche konnen si w kalifye pou resevwa sèvis nan MRC. Se pa tout moun ki elijib otomatikman. Konseye an bezwen analize enfòmasyon li kolekte an epi jwenn detay adisyonèl pou li kapab konprann ki kalite andikap ou genyen ak ki obstak ou dwe simonte pou jwenn yon djòb pou li kapab deside si w kalifye pou resevwa sèvis Reyabilitasyon pwofesyonèl.

Pou Konseye an kapab jwenn tout enfòmasyon sa yo, se pou li mande w pou w bay otorizasyon alekri pou li kolekte enfòmasyon dyagnostik sou w. Enfòmasyon Konseye a pran ap rete sekre epi li p ap bay enfòmasyon yo okenn moun ki pa konsène dirèkteman an reyabilitasyon pwofesyonèl ou. Menmsi enfòmasyon sa yo enpòtan pou deside ki w kalifye, li gen dwa ede ni oumenm ak ni Konseye an pou nou deside ki sèvis ta pibon pou w, si w deside travay avèk nou pou devlope yon plan reyabilitasyon.

Notifikasyon ou kalifye pou resevwa sèvis

60 jou oplita apre ou fin remèt aplikasyon w lan, yo pral notifie w alekri si ou elijib pou resevwa sèvis. Si yo deside ou pa kalifye pou benefisye sèvis MRC, nou pral esplike w pouki sa.

Si yo notifie w ou elijib pou resevwa sèvis Reyabilitasyon pwofesyonèl, epi si Lòd Seleksyon aplike lè sa a, w ap resevwa yon dezyèm lèt ki pral mete w nan yon kategori priyorite. Kategori yo baze sou gravite andikap ou genyen an ak obstak ou dwe simonte pou jwenn travay.

Ou gendwa konteste nan ki kategori priyorite yo mete w 30 jou oplita si w panse yo fè yon erè; kontakte youn nan òganizasyon ki liste anba la a. Nan pami opsyon ou genyen pou fè apèl, genyen yon Revizyon administrative, Medyasyon oswa yon pwosè Odyans ekitab.

MRC Ombudsperson (Responsab administratif pou doleyans)

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan (TDD) 617-204-3603

Nimewo gratis: 800-245-6543 (Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan)

Ombudsperson se yon anplwaye MRC ki se yon espesyalis nan relasyon ak kliyan, ki etabli yon pon ant kliyan an ak MRC lè Konseye an oswa yon lòt anplwaye MRC pa kapab bay plis asistans. Pami sèvis Ombudsperson an bay,

gen ladann analiz dosye, analiz pwoblèm, rezolisyon pwoblèm ak esplikasyon pwosesis apèl la.

Massachusetts Office on Disability (MOD), Consumer Assistance Program

Pale ak yon anplwaye (Vwa): 617-727-7440

Nimewo gratis: 800-322-2020

MOD gendwa asiste w nan pwosesis apèl la epi li gendwa vin defansè w.

Travay ak MRC apre ou fin kalifye pou resevwa sèvis

Kisa ki premye etap yo?

Oumenm ak Konseye w ap kòmanse anjeneral ak yon seri randevou. Nou pral esplike w chak sèvis pouki ou kalifye ak kijan yo pral adapte yo pou w sou labaz konpetans, bezwen ak preferans ou yo.

N ap chèche konnen si w gen bezwen finansye

Pandan n ap kòmanse travay ansanm, nou oblije poze kesyon konsènan revni ou yo pou chèche konnen si w kapab kontribye pou peye sèvis ou gendwa resevwa. Si ou gen mwens pase 23zan, oubyen si w marye, nou gendwa teni kont de revni paran w yo oswa de revni konjwen ou an. Si revni ou yo depase yon sèten limit, MRC gendwa pa kapab ba w finansman pou sipòte reyabilitasyon pwofesyonèl ou an.

Si w kalifye pou asistans finansye, Konseye w ap mande kowoperasyon ou pou nou chèche ansanm lòt sous finansman pou ede peye pou yon pati nan sèvis ou yo. Sa gendwa gen ladann asistans finansye pou lekòl yo oswa patisipasyon nan MassHealth pou kouvri depans medikal yo.

Objektif pou travay ak desizyon yo kalifye de “Desizyon eklere”

Youn nan premye bagay oumenm ak Konseye w pral fè se fè yon Evalyasyon Pwofesyonèl. Pwosesis sa a rasanble enfòmasyon pou ede w chwazi yon objektif karyè epi pou w deside ki sèvis ou bezwen pou w kapab jwenn yon djòb. Oumenm ak Konseye w la nap egzamine sa ki enterese w, kapasite w yo, konpetans ak akonplisman lekòl, istorik anplwa w, fòs ak feblès ou yo. Nou gendwa rekòmande tès sou konpetans pwofesyonèl pou ede w pran pi bon desizyon.

Chwa eklere vle di ou te li Gid la epi ou te jwenn tout enfòmasyon ou bezwen pandan tout pwosesis Evalyasyon pwofesyonèl lan pou w kapab pran bonjan desizyon osijè lavni pwofesyonèl ou an. Oumenm ak Konseye an pral travay men nan lamèn epi yo gendwa pwograme divès randevou pou diskite detay plan anplwa w lan.

Lè pwosesis la fini, se pou w ta dwe konprann byen tout opsyon travay ou genyen ak pou w konnen tout sèvis ki disponib pou w. Oumenm ansanm ak Konseye w lan pral travay ansanm pou finalize epi pou nou mete nou dakò sou Plan Anplwa Endividyalize (IPE) w lan, plan alekri ki defini pwosesis reyabilitasyon yo devlope espesyalman pou w.

Kisa ki genyen nan yon Plan Anplwa?

IPE se yon dokiman ki idantifye objektif anplwa ou an epi li endike ki responsabilite ou genyen ansanm ak sèvis MRC pral ba w pou ede w jwenn ak kenbe yon djòb. Se yon antant fòmèl ant oumenm ak pwogram Reyabilitasyon pwofesyonèl MRC an. Pou nou kapab montre se oumenm ak Konseye w lan ki te devlope dokiman sa a ansanm, se pou nou toulede siyen IPE an. W ap resevwa yon kopi IPE an epi kenbe li ak tout lòt dokiman enpòtan ou yo.

Pami sèvis ki gendwa defini nan IPE w lan, gendwa gen:

1. Sèvis Pwogram MRC VR bay dirèkteman
2. Sèvis yo te achte pou w nan men yon founisè kominotè
3. Sèvis yo pwograme pou w opre lòt òganizasyon.

Lè ou pare pou siyen IPE an, w ap konnen egzakteman objektif anplwaye w ak ki sèvis ou pral resevwa.

Anvan pou w siyen IPE w lan

Si w pa dakò ak yon pati nan Plan Anplwa Endividyèl (IPE) w lan, oumenm ak Konseye w ta dwe diskite li anvan pou w siyen dokiman an.

Ou gendwa pote plent opre yon Sipèvizè oubyen yon direktè Zòn. Ou gen dwa fè apèl kèlkeswa sa w pa dakò an opre Responsab Plent Ombudsperson MRC an.

Kisa ki pral rive apre IPE an siyen?

Depi ou fin siyen Plan ou an, se responsabilite pa w pou kòmanse travay pou atenn objektif anplwa w lan. Oumenm ak Konseye w pral kontre detanzantan pou analize pwogrè w epi pou diskite lòt aspè ki gen pou wè ak reyabilitasyon ou an.

Pa bliye mande asistans si w bezwen èd

Si w bezwen pale ak Konseye w nenpòt kilè, pa ezite kontakte li. Li enpòtan pou nou kominike byen. Si yon baga rive ki vin ralanti pwogrè w ap fè yo, kontakte Konseye an touswit. Gen anpil chans w ap gen enfòmasyon enpòtan pou di li. Nou gendwa otorize kèk akomodasyon, ekipman oswa sèvis ki rezonab, pou ede oumenm oswa Konseye a rezoud nenpòt pwoblèm.

Travay ak MRC pou pare pou yon djòb

Gen divès sèvis yo kapab ofri anba kondisyon Plan Anplwa Endividyèl (IPE) ou an. Yo tout fèt pou ede w aplike pou djòb ou te chwazi kòm objektif pwofesyonèl ou an. Pami sèvis sa yo, genyen:

Terapi Pwofesyonèl

Terapi ak oryantasyon pou reyabilitasyon pwofesyonèl gen ladann terapi ajisteman pèsonèl ki abode pwoblèm medikal, fanmi oswa sosyal ansanm ak lòt kalite asistans ki nesèsè pou kapab kenbe yon djòb.

Evalyasyon yo

Divizyon sa a gen ladann sèvis yo bay pou chèche konnen si w elijib pou sèvis VR epi li analize ki kalite sèvis w ap bezwen ak sa sèvis yo dwe reyalize pou w anvan pou yo make yo nan Plan Anplwa Endividyèl ou an.

Fòmasyon

Yo devlope sèvis fòmasyon pou ede yon moun amelyore nan nivo edikasyon li oswa nan nivo pwofesyonèl oubyen pou li adapte selon limitasyon fonksyonèl andikap li.

Edikasyon

Sèvis nan divizyon sa a ofri fòmasyon akademik atanplwen oswa pattaym ki pi wo pase nivo lekòl segondè, kote moun gendwa jwenn yon diplòm, yon sètifika oubyen yon konpetans pwofesyonèl nan yon biznis, yon pwofesyon oubyen yon lekòl teknik.

Teknoloji ki bay asistans

Se lè yo itilize teknoloji pou rezoud difikilte moun ki andikape kontre nan zafè tankou edikasyon, anplwa ak lavi endepan.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon osijè teknoloji ki bay asistans nan paj 30.

Ki kalite djòb moun ki te resevwa sèvis VR nan men MRC jwenn pou fè anjeneral?

Kliyan ki jwenn yon djòb apre yo te resevwa sèvis nan men pwogram Reyabilitasyon pwofesyonèl MRC fè anpil bagay diferan. Kategori djòb plis moun pito gen ladann nès, vant detay, travay administratif nan biwo, aktivite ak konpitè, konseye kont konsomasyon dwòg ak alkòl ansanm ak lòt djòb sèvis sosyal/kominotè.

Ki altènativ ki genyen pou travay nan yon lye travay pou yon òganizasyon oubyen yon konpayi?

Anplis de opòtinite ki genyen pou travay nan yon biwo oswa nan bilding yon òganizasyon oubyen yon konpayi, kliyan ki benefisye sèvis Reyabilitasyon pwofesyonèl MRC ap gen opòtinite pou yo eksplòre ak chwazi travay antan travayè endepandan oswa travay lakay yo kòm objektif travay yo. Menmsi opòtinite sa yo mande pou yo plis angaje yo pèsònèlman pase si pou yo ta travay nan yon konpayi oswa nan yon òganizasyon, Konseye nou yo deja ede moun pou yo kòmanse oswa pou yo agrandi biznis komèsyal ki baze lakay yo oswa ki mande yo travay pou kont yo kòm travayè endepandan.

Kijan mwen kapab konnen si opòtinite tankou sa yo bon pou mwen?

Premye bagay pou w gade lè w ap reflechi osijè opòtinite tankou sa yo se pou fè yon lis de tout fòs, eksperyans, resous ak dezi w yo. Pou kapab jere yon biznis oswa pou travay pou kont ou, sa mande karakteristik pèsònèl ak sityasyonèl ki espesyal. Si w gen yon lide pou kòmanse yon biznis, pa bliye diskite sa ak Konseye a pou wè si li fè sans nan sityasyon pa w lan, an fonksyon bezwen finansman potansyèl lan ak risk ou ta pran si w te fè biznis la.

Ki diferans ki genyen ant travay “lakay” ak yon travay ki “endepandan”?

Travay lakay vle di w ap travay lakay ou pou yon anplwayè selon yon antant mityèl ant oumenm ak anplwayè a epi travay la fèt selon kondisyon yo jwenn anjeneral nan lye travay. Pami kondisyon sa yo, genyen benefis, sipèvizyon, egzijans prezans oswa pwodikitivite ak egzijans pou ekipman oswa pwosedi. Pami egzanp travay lakay genyen “biwo enfòmasyon” ak travay sant dapèl, tretman tèks, fè rezèvasyon, travay ak konpitè, transkripsyon medikal ak jiridik, pwogramasyon ak travay konsiltasyon pwofesyonèl ak jesyon.

Travay endepandan vle di se oumenm k ap kontwòle epi ki responsab pou pwòp travay ou. Se ou ki chèf, w ap travay pou kont ou san okenn anplwayè, swa w ap fè free-lancing oubyen w ap jere yon biznis. Antan pwopriyetè yon biznis, ou gen opsyon travay lakay ou, nan yon magazen oubyen yon lòt kote. Si ou travay antan travayè endepandan, sa gen dwa pèmèt ou ofri sèvis peyan nan domèn ekspètiz pwofesyonèl ou bay biznis ak ajans gouvènman pou w kapab montre ou gen konpetans pou jwenn yon djòb pi devan.

Konseye VR ou an gendwa diskite opsyon sa yo avèk ou.

Kijan pou w jwenn ak pou w kenbe yon djòb

Pandan pati Plan Anplwa Endividyèl ou ki gen pou wè ak sèvis yo prèt pou fini, w ap kòmanse prepare pou fè entèvyou pou sèten kalite djòb. Konseye an pral ede w aprann teknik pou w kapab prezante tèt ou byen pandan entèvyou pou yon travay.

Resous ki annapre yo disponib nan biwo VR yo pandan peryòd lè w ap chèche yon travay:

- Preparasyon CV
- Fòmasyon pou konpetans pou chèche travay
- Fòmasyon pou konpetans pou fè entèvyou
- Pist pou djòb (job leads)

MRC gen anpil resous ki disponib pou ede w chèche travay, tankou òganizasyon Founisè Reyabilitasyon Kominotè (Community Rehabilitation Provider — CRP) andeyò oswa yon Espesyalis Plasman nan Travay ki anplwaye MRC. Menmsi gen resous pou ede w chèche travay, sèvis ou yo pral depann finalman sou si w aksepte pran responsabilite w pou fè gwo travay la.

Èske mwen pral konnen alavans si yon nouvo chèk salè ap afekte benefis leta mwen touche yo?

Pandan w ap pare pou chèche yon travay, ou gendwa reflechi sou ki efè nouvo chèk salè ou pral touche a pral genyen sou benefis ou resevwa alèkile. Anpil kliyan gen enkyetid pou nouvo revni yo pa redi oswa fè yo pèdi peman pou:

- Revni Sekirite Siplèmantè (Supplemental Security Income — SSI)
- Asirans Sekirite Sosyal Andikape (SSDI)
- Medicaid, Medicare, MassHealth ak CommonHealth
- Lojman federal oswa Eta a.

Si w gen kesyon, Konseye an kapab refere w al jwenn yon Espesyalis Benefis MRC.

Yon Espesyalis Benefis gendwa ede w

Espesyalis Benefis yo fòme epi sètifye pou bay sèvis endividyalize bay benefisyè Sekirite Sosyal, fanmi yo ak pwofesyonèl ki travay avèk yo. Yo konprann desizyon pou antre oswa re-rantre nan lavi pwofesyonèl se yon desizyon pèsònèl ki gendwa bay anpil moun lakrentiv. Yo pare pou ofri enfòmasyon ou bezwen yo pou w kapab pran yon desizyon eklere nan zafè travay.

Asistans ki konfidansyèl ak gratis

Sèvis sa a konfidansyèl ak gratis pou kliyan MRC k ap resevwa peman SSI oswa SSDI alèkile.

Aprè Konseye an ba w yon referans pou ale jwenn yon Espesyalis Benefis, Espesyalis lan pra kontre avèk ou swa nan yon biwo MRC ki pa lwen oswa nan nenpòt lòt kote ki konvnan nan zòn ou an. Ou gendwa bezwen yon sèl randevou pou li reponn tout kesyon ou te vle poze yo. Nan sèten ka, sa gendwa pran plis tan pou bay tout enfòmasyon ou bezwen pou konprann relasyon ki genyen ant benefis leta w y o ak nouvo djòb ou an.

Kisa Akomodasyon rezonab ye epi pouki sa li enpòtan?

Si w bezwen yo fè kèk chanjman nan yon lye travay pou w kapab fè aktivite ki gen pou wè ak djòb ou, lalwa federal dekri ki kalite ak kijan yo kapab fè chajman sa yo.

Lwa pou Ameriken ki andikape (Americans with Disabilities Act — ADA) nan lane 1990 se yon manda federal ki, an pati, entèdi diskriminasyon kont moun ki andikape pou yo anboche yo ak pou yo kenbe travay yo. Epitou lalwa Eta Massachusetts entèdi diskriminasyon kont moun ki andikape pou yo anboche yo ak pou yo kenbe djòb yo.

“Akomodasyon rezonab” vle di kèlkeswa modifikasyon pou adapte anviwònman travay la oswa sikonstans ki genyen lè moun lan ap fè yon djòb anjeneral, ki se yon depans “rezonab” pou konpayi an oswa pou òganizasyon an, ki pral ede yon moun kalifye ak andikape akonpli fonksyon esansyèl pou pozisyon sa a.

Ou kapab diskite ak Konseye w lan osijè chanjman yo ta bezwen yo fè nan yon lye travay pou w kapab kenbe djòb ou.

Rete an kontak – notifiye nou si enfòmasyon pou nou kontakte w chanje

Tanpri sonje li enpòtan pou w rete an kontak ak MRC epi pou w rete an kontak ak Konseye a. Rapòte tout chanjman nan adrès, nimewo telefòn ak imèl ou pou nou kapab aktyalize docye nou yo epi pou nou konnen kijan nou kapab kontakte w.

Toujou kite Konseye w konnen depi w jwenn yon djòb.

Enfòmasyon anplwayè w lan ou gen yon andikap

Li enpòtan pou w konprann kisa anplwayè a atann de w, epi si w deside di li ou gen yon andikap, se pou anplwayè a konprann kijan andikap ou an gendwa afekte pèfòmans ou an.

Aprè ou fin jwenn yon djòb

Si w gen kèlkeswa difikilte ak nouvo travay ou an, notifye Konseye w touswit pou li kapab asiste w. Konseye w gendwa kapab ede w ak pwoblèm tankou transpò, akomodasyon rezonab, fòmasyon adisyonèl oswa sèvis sipò tankou antrènman pou djòb pou ede w nan travay la.

Depi ou travay san pwoblèm pandan 90 jou, yo pral fèmen dosye w lan.

Sèvis apre anplwa

Si w bezwen asistans pou kenbe djòb ou, sèvis yo ap kontinye disponib pandan 3zan maksimòm apre yo fin fèmen dosye w. Pami sèvis yo, gen:

- Founiti ak zouti pou w kapab kenbe djòb ou
- Anplwaye MRC yo ap travay ak anplwayè pou rezoud pwoblèm yo
- Entrenman pou travay.

Moun ap esplike nou kijan MRC te travay pou yo

Nou te resevwa anpil eko de moun nou te kapab ede. Nou apresye yo te pran tan pou di nou kijan nou kapab ede yo atenn objektif yo. Men kèk egzanp nan sa yo te di nou.

“Grasa asistans MRC mwen te kapab jwenn sèvis mwen te bezwen yo epi mwen te resevwa edikasyon ak fòmasyon mwen te vle a. Koulye an mwen gen yon djòb mwen renmen epi m ap kòmanse aplike pou inivèsite. Mèsi, MRC.”

“Konseye mwen te trè konpreyansif ak ak emab. Mwen di li mèsi poutèt li te fè tout sa li te kapab pou mwen. Li te ede mwen anpil, pou mwen te ka jwenn bon lekòl la ak transpò. Si se pa t pou li, mwen pa ta kote mwen ye jodia a.”

“Konseye mwen te pran tan li pou li aprann konnen mwen, pou li konprann vreman ki andikap mwen te genyen ak pou devlope yon bon plan pou ede mwen jwenn yon djòb. Mwen pa t gen anpil konfyans nan tèt mwen ak nan opòtinite travay mwen ta kapab jwenn. MRC te ede chanje sityasyon sa a! Apre fòmasyon pou travay mwen te fè a, mwen te jwenn yon djòb apre kèk jou sèlman!!!”

“MRC te itil mwen poutèt yo te banmwen lespwa malgre mwen andikape.”

“MRC trè itil pou moun ki andikape – yo konpreyansif, janti, yo gen anpil pasyans. Yo jwenn yon travay ki bon pou w selon andikap ou genyen an epi si w gen difikilte nan travay la, yo pral ede w.”

“Asistans yo te banmwen an te trè enpòtan ak sible pou amelyore kapasite mwen pou mwen jwenn travay. Sa te ede mwen epi sa te fè ladiferans – mwen resevwa plis pase sa mwen te panse mwen t ap resevwa.”

“Asistans MRC bay se pa sèlman asiste w pou w jwenn travay. Yo fòme w pou w kapab kenbe travay la epi yo gen dive metòd pou fè sa.”

Lòt sèvis MRC yo

Pwogram yo ki liste sou paj ki annapre yo souvan trè itil pou kliyan ki patisipe nan pwogram Reyabilitasyon pwofesyonèl MRC an.

Sèvis Anplwa pou tout Eta a (SES)

Sipò pou moun ki pi andikape yo

SES fèt pou bay sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl bay moun pwogram reyabilitasyon pwofesyonèl leta tradisyonèlman pa okipe oswa pa okipe byen. Moun k ap resevwa sèvis anplwa SES sipòte resevwa sèvis konplè pou yo kapab chwazi, jwenn oswa kenbe yon travay.

Kijan SES fonksyone?

Anplis de terapi ak oryantasyon Konseye VR yo òganize, pifò moun resevwa tou sèvis pwofesyonèl nan men Founisè Reyabilitasyon Kominotè (Community Rehabilitation Providers — CRP) SES ap jere. Pami sèvis sa yo gen ladann, men san li pa limite ak: fòmasyon nan konpetans, devlopman nan travay ak sipò nan kòmansman travay la.

Epitou SES founi sipò ki adapte, ki pa gen yon dat limit epi ki kontini bay moun ki gen gwo andikap k ap travay depi 90 jou epi ki konnen travay yo byen men ki bezwen plis sèvis sipò pou yo kapab kenbe travay yo.

Si w bezwen plis enfòmasyon, kontakte Sèvis anplwa pou tout Eta a:

Pale ak yon anplwaye : 617-204-3834

Sèvis pou malantandan: 800-734-7475 (Nimewo gratis)

Faks: 617-204-3847

Sèvis Tranzisyon Lekòl

Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts lan travay ak lekòl segondè lokal yo pou idantifye elèv ki andikape yo ta kapab refere nan pwogram ak sèvis MRC yo. Elèv ki kalifye pou resevwa sèvis ap jwenn yon Plan Tranzisyon Endividyalize (ITP) pou chwazi objektif yo sou labaz sa ki enterese yo, fòs ak bezwen yo.

Se yon pwosesis kolaboratif ki rasanble elèv la, fanmi li, anplwaye lekòl la ansanm ak lòt patnè nan Eta a ak nan kominote a. Planifikasyon tranzisyon an ap kòmanse pandan elèv la lekòl toujou (de preferans 2zan anvan li gradye pran diplom li) kifè yo gendwa fè referans opre ajans sèvis pou adilt, sis a nesèsè. Elèv yo, fanmi y oak anplwaye lekòl la gendwa kontakte biwo zòn MRC an ki okipe vil/minisipalite yo pou jwenn plis enfòmasyon.

Pandan planifikasyon tranzisyon an, li enpòtan pou w sonje lè elèv ki andikape yo gradye nan lise oubyen lè yo vin gen 22zan, yo pa gen dwa ankò pou resevwa sèvis edikasyon espesyal nan kad IDEA, lwa federal konsènan edikasyon espesyal, ak Chapit 766, lwa Eta MA osijè edikasyon espesyal la.

Okontrè edikasyon espesyal, yo pa bay sèvis pou adilt otomatikman epi petèt gen lis datant, menm pou moun ki kalifye pou sèvis sa yo. Kifè, li itil pou w kòmanse eksplòre opsyon apre-lekòl yo pandan w ap kontinye ale lekòl anvan pou w kòmanse bezwen sèvis pou adilt yo.

Elèv ki andikape grav k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, ap bezwen sèvis pou adilt kip ran larelèv, epi ki pa kapab travay 20 èdtan/semèn oswa plis nan yon travay ki konpetitif gendwa elijib pou resevwa asistans anba Chapit 688, lwa planifikasyon tranzisyon Eta MA an. Lwa sa a òganize yon pwosesis planifikasyon pou tranzisyon sou 2 zan pou elèv ki kalifye epi li idantifye oswa sipòte sa y ap bezwen sistèm sèvis pou adilt lan ofri lè elèv la gradye oswa lè li vin gen 22zan. Se pa yon kontinyasyon Chapit 766 epi se pa yon garanti pou resevwa sèvis pou adilt.

Se sistèm lekòl lokal la sèlman (anjeneral Direktè Edikasyon Espesyal lan oubyen moun li deziyen an) ki gen dwa fè yon referans 688. Yo voye referans 688 lan bay ajans sèvis imen an ki kapab satisfè pibyen bezwen elèv la.

Kijan lè yon elèv gradye nan lise sa ka gen yon enpak sou si li kalifye?

Chapit 766 ofri sèvis edikasyon espesyal bay elèv yo jiskaske yo vin gen 22zan oubyen jiskaske elè la pran diplom lise li an. Se distri a ki pou ofri sèvis ki mandate nan Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) la. Depi yon moun gradye lise, li pa elijib ankò pou resevwa sèvis sa yo.

Si yo deside mwen pa elijib? Èske gen yon pwosedi pou fè apèl?

Gen yon pwosesis apèl si nou deside ou pa kalifye pou Sèvis Tranziksyon Lekòl yo. Voye tout apèl yo devan Bureau of Transitional Planning at the Executive Office of Health and Human Services (EOHHS). Gen de (2) kalite apèl nan kad Chapit 688. Ou gendwa:

- fè apèl kont desizyon elijibilite a ki te deside ou pa t elijib pou Chapit 688 oswa
- rejete epi fè apèl kont Plan Tranzisyon Endividyèl la apre Sekretè EOHHS la fin siyen li.

Ki pwen enpòtan moun k ap swen elèv la fèt pou sonje?

Aprann ki sèvis pou adilt ki genyen nan zòn ou an anvan elèv la gradye oswa anvan li vin gen 22zan. Patisipe nan yon gwoup paran poutèt defansè paran souvan se moun ki motive pou devlope sèvis pou adilt. Nou ankouraje w voye yon aplikasyon opre Administrasyon Sekirite sosyal pou Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) pou chèche konnen si elèv la elijib.

Sèvis pou jennjan ak jenn adilt

Pwogram Lavi endepandan pou Moun k ap gen 22zan

Pwogram Lavi Endepandan pou Moun k ap gen 22 zan te kòmanse nan lane 1986 epi objektif li se pou ede jennjan ki andikape eksplòre opsyon ak planifye pou lavi endepandan apre yo fin gradye nan lise oubyen apre yo vin gen 22zan.

Li baze sou filozofi Lavi Endepandan ki vle di pou kontwòle lavi w epi pou kapab pran desizyon pou tèt ou epi chwazi nan ki direksyon ou pral dirije lavi w pou li kapab pi rich. Gen de (2) eleman pwogram sa a finanse:

1. Pwogram Asistans Lavi

Pwogram Lavi Endepandan T22 pase kontra ak divès ajans nan tout Eta a pou bay sèvis asistans lavi pou moun ki kalifye epi ki vle viv yon fason ki endepandan andedan kominote a. Yon Kowòdonatè Dosye kontre ak kliyan yo lakay yo, ant 1 èdtan ak plizyè èdtan chak semèn, pou ede yo ak bagay tankou jwenn lojman ki aksesib pou andikape, kowòdone sipò Asistan Swen Pèsonèl yo epi jere finans yo. Sèvis sa yo santre sou kliyan an.

Ou gendwa elijib si:

- Ou prèske fini yon pwogram edikasyon Chapit 766 epi ou poko gen 22zan
- Ou se pwòp gadyen legal ou
- Ou gen yon andikap fizik grav
- Ou gen yon Plan Tranzisyon Endividyèl (ITP) Chapit 688 ki gen ladann sèvis lavi ak asistans
- Si w pa elijib pou menm kalite sèvis nan men yon lòt ajans leta Executive Office of Health & Human Services (EOHHS), tankou DDS, DMH, MCB, oswa Pwogram pou moun ki blese nan tèt (MRC Statewide Head Injury Program — SHIP).

Si w bezwen plis enfòmasyon, kontakte Kowòdonatè Pwogram T22 a nan:

Pale ak yon anplwaye: 617-204-3618

Sèvis pou malantandan: 617-204-3815

Li trè enpòtan pou kontakte nou bonè pou yo kapab pwograme yon Plan Tranzisyon Endividyèl anvan ou gradye.

2. Tranzisyon nan yon Pwogram pou Adilt (TAP)

Pwogram Lavi Endepandan T22 MRC an siyen kontra ak Sant Lavi Endepandan (ILC) pou yo ofri pwogram entèvansyon bonè pou elèv ki andikape. Antrenè ak anpil ekperyans ki anseye konpetans pou andikape pral ede w aprann konpetans ak konfyans nan tèt ou pou w kapab pare pi byen pou viv yon fason ki endepandan. Anplis ke w ap aprann nouvo konpetans, lè w kontre ak moun andikape adilt ki montre legzanp, sa va prepare w pou pran responsabilite w pou lavi endepandan nan kominote ou chwazi a. Pwogram sa a pa disponib nan sèten rejyon nan Eta a.

Ou elijib si:

- Ou gen ant 14 ak 22zan epi ou enskri nan edikasyon espesyal, san gade ki kalite andikap ou genyen epi
- Ou vle aprann viv yon fason ki endepandan ak aprann konpetans pou defann tèt ou.

Kijan mwen kapab aplike pou pwogram sa yo?

Si w ta renmen resevwa yon fòmasyon nan konpetans pou lavi endepandan nan men TAP pandan ou lekòl, tanpri kontakte Kowòdonatè Pwogram T22 an ki kapab fè yon referans opre Sant Lavi Endepandan ki apwopriye an:

Pale ak yon anplwaye: 617-204-3618

Sèvis pou malantandan: 617-204-3815

Pwogram Asistans Lavi ak Sipò pou moun ki gen omwens 18tan

Yo te kreye Pwogram Lavi ak Sipò pou Adilt pou pèmèt moun ki gen omwens 18tan ki andikape fizik konbine ak yon andikap segondè pou yo kòmanse oswa kontinye viv yon fason ki endepandan nan kominote a grasa sipò kowòdinasyon dosye. Paogram la baze sou filozofi lavi endepandan kote kliyan an gen dwa ak responsabilite pou li pran desizyon eklre, pran risk epi echwe pafwa tou.

Kisa Pwogram pou Adilt Lavi ak Sipò la fè?

MRC siyen kontra ak divès ajans nan tout Eta a pou kapab ofri sèvis kowòdinasyon dosye sa yo. Yon Kowòdonatè Dosye kontre ak moun nan lè li bezwen, anjeneral li kontre li lakay li. Kowòdonatè Dosye a disponib tou 24è sou 24 pou ijans ak pwoblèm moun pa t prevwa. Alòs ke yon moun anmwayèn bezwen anviwon 3 a 4 èdtan kowòdinasyon dosye pa semèn, tan ki nesèsè pou fè travay la gendwa varye ant kèk èdtan pa mwa jiska dis (10) èdtan pa semèn.

Kowòdonatè Dosye a ap devlope ansanm ak moun lan yon plan pou òganize aspè espesifik lavi toulejou pouki moun lan bezwen asistans. Kowòdonatè Dosye an pa pran okenn desizyon pou moun lanepi li pa fè okenn travay fizik pou li non plis. Alaplas, l ap òganize, jwenn resous epi rezoud pwoblèm.

Yo gendwa bay asistans nan domèn sa yo:

- Jesyon Asistan Swen Pèsonèl
- Swen sante pèsonèl
- Ekipman pou adaptasyon
- Zafè kay la
- Jesyon finansyè
- Evènman sosyal/divètisman
- Opòtinite pwofesyonèl/akademik
- Transpò
- Moun lan tounen defansè li.

Kijan mwen kapab aplike pou Pwogram Lavi ak Sipò pou Adilt?

Ou gendwa kontakte ASLP an, ki sitye nan 600 Washington Street, Boston, MA 02111:

Pale ak yon anplwaye: 617-204-3628
Sèvis pou malantandan: 617-204-3815
Faks: 617-727-1354

Pwogram Asistans Lakay (HCAP)

Pwogram Asistans Lakay ofri sèvis antretyen lakay bay adilt elijib kiandikape ki gen ant 18tan ak 59 lane ki gen limit fonksyonèl kifè yo pa kapab satisfè yo menm bezwen nitrisyonèl yo ni òganize anviwònman kote yo viv. Asistans yon moun ki fè antretyen kapab ede moun lan kontinye viv yon fason ki endepandan nan kominote a.

Definisyon sèvis antretyen lakay se asistans dirèk ak:

- Preparasyon manje
- Achte manje
- Al chèche medikaman
- Lesiv
- Ti menaj rapid (retire pousyè, pase aspirate, pase mòt atè a, netwaye kwizin, saldeben ak chanje dra kabann lan SÈLMAN)

Se swa moun ki bay sèvis antretyen lakay ajans swen lakay fòme epi ap sipèvize ki siyen kontra ak HCAP, swa Asistan Swen Lakay endividyèl kliyan an chwazi ak sipèvize limenm yo peye grasa kontra ak MRC ki bay sèvis antretyen nan kay yo. Manadjè Dosye HCAP yo evalye demandè sèvis yo pou chèche konnen si yo elijib, pou kowòdone lè ak kijan yo pral bay sèvis antretyen yo ansanm ak ajans swen lakay yo epi yo asiste kliyan yo nan bay yo enfòmasyon ak referans jan sa nesèsè pou kapab fè pwogrè pou atenn objektif lavi endepandan yo.

Kijan mwen kapab aplike?

Yo ranpli aplikasyon pou HCAP nan telefòn. Si se pa demandè a ki te fè referans lan, Kowòdonatè Enskripsyon an pral rele demandè a nan telefòn pou konfime enfòmasyon yo.

Yo pral enquete pou chèche konnen si demandè an elijib pou resevwa lòt benefis.

Anplwaye HCAP an pral kolekte done finansye, dokimantasyon medikal ak enfòmasyon pou evalyasyon lakay anvan pou li pran yon desizyon konsènan elijibilite ak konbyen èdtan y ap bay demandè a.

Kritè pou kalifye:

- Gen yon andikap ki anpeche w fè youn oswa divès aktivite antretyen lakay
- Asistans sa a obligatwa pou anpeche yo entène moun lan lopital oswa nan yon enstitisyon
- Ou respekte direktiv finansye yo (300% revni nivo povrete federal la)
- Ou rete pou kont ou oswa ak lòt moun ki pa kapab fè aktivite antretyen lakay yo

- Ou gen ant 18tan ak 59 lane
- Ou pa avèg legalman.

Moun ki gen pitit ki gen mwens pase 18tan gendwa elijib pou resevwa sèvis si yo respekte tout kritè elijibilite yo. Sepandan, se sèlman adilt ki andikape ki gen dwa resevwa sèvis sa yo.

Si w bezwen plis enfòmasyon osijè HCAP, tanpri rele youn nan nimewo ki anba la yo:

Pale ak yon anplwaye (Vwa) /Sèvis pou malantandan (TTY): 617-204-3853

Nimewo gratis: 800-223-2559

Faks: 617-727-2809

Sèvis pou malantandan (TDD): 617-204-3819

Sant Lavi Endepandan

Kisa Lavi Endepandan ye?

Lavi endepandan vle di kontwole lavi w epi gen posibilite pou chwazi nan ki direksyon w ap oryante lavi w pou li pi rich. Depi lontan moun ki andikape p at gen dwa ak posibilite pou pran desizyon pou tèt pa yo. Epitou lavi endepandan se yon filozofi ki mande pou gen anpil sèvis pwomouvwa otonomi ak endepandans nan tout aktivite.

Kisa yon Sant Lavi Endepandan ye?

ILC se òganizasyon moun ki andikape jere pou akeyi lòt moun ki andikape parèy yo. Yo founi divès sèvis pou asiste moun ki andikape atenn objektif yo defini pou tèt yo. Pami objektifi sa yo, genyen:

Terapi moun parèy yo òganize (Peer counseling): opòtinite pou pwofite de eksperyans lòt moun ki andikape ki reyisi viv yon fason ki prodiktif ak pozitif nan kominote yo. Terapi ak mou ki andikape tou itilize yon apwòch modelizasyon ak moun ki bay legzanp pou prezante bagay tankou devlopman pèsonèl, rezoud pwoblèm, sosyalizasyon, elatriye.

Fòmasyon pou aprann konpetans: aprann konpetans ki nesesè pou viv yon faosn ki endepandan, tankou jwenn yon lojman, jere Asistan Swen Pèsonèl yo, defann pwòp enterè w oswa jere benefis yo.

Enfòmasyon ak referans: enfòmasyon osijè tès oubyen resous ki gen pou wè ak andikap tankou lojman bon mache ki aksesib pou andikape, ekipman pou adaptasyon, founisè medikal, transpò, asistans jiridik an anpil lòt pwogram ak resous.

Defann dosye: ede moun ki andikape pou yo okouran dwa yo genyen ak pou yo defann yo, pa egzanp, opre sistèm swen sante an, pwopriyetè lojman yo, benefis finansye ak lòt pwoblèm kominotè.

Epitou ILC yo fè anpil aktivite edikasyon kominotè ak defans enterè endividyèl. Anpil ILC ofri sèvis ki depase sèvis debaz sa yo, tankou sèvis pou moun ki andikape kapab swen tèt yo, sèvis lavi endepandan pou moun ki pa tande oswa ki malantandan, ak Kominote Ratrapaj nan Aprantisaj (Recovery Learning Communities).

Sèvis sa yo gratis.

Si w bezwen plis enfòmasyon, kontakte yon Kowòdonatè Lavi Endepandan MRC nan 617-204-3851 oswa kontakte yon ILC nan li ski annapre a.

Massachusetts Independent Living Centers

Ad-Lib Center for Independent Living

215 North Street, Pittsfield, MA 01201

Joseph Castellani, Direktè egzekutif

Pale ak yon anplwaye : 413-442-7047

Sèvis pou malantandan: 413-442-7158

Faks: 413-443-4338

Boston Center for Independent Living

60 Temple Place, 5th Floor, Boston, MA 02111

Bill Henning, Direktè egzekutif

Imèl: bhenning@bostonCIL.org

Pale ak yon anplwaye : 617-338-6665

Sèvis pou malantandan: 617-338-6662

Faks: 617-338-6661

Center for Living & Working

484 Main Street, Suite 345, Worcester, MA 01608

Tara O'Connor, Ranplasan Direktè egzekutif

Imèl: toconnor@centerlw.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan: 508-798-0350

Faks: 508-797-4015

Cape Organization for the Rights of the Disabled

106 Bassett Lane, Hyannis, MA 02601

Coreen Brinckerhoff, Direktè egzekutif

Imèl: coreen@cilcapecod.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan: 508-775-8300

Nimewo gratis: 800-541-0282

Faks: 508-775-7022

Independence Associates

141 Main Street, 1st floor, Brockton, MA 02301

Steve Higgins, Direktè egzekutif

Imèl: shiggins@iacil.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan: 508-583-2166

Faks: 508-583-2165

Nimewo gratis: 800-649-5568

Independent Living Center of the North Shore & Cape Ann

27 Congress Street, Suite 107, Salem, MA 01970

Mary Margaret Moore, Direktè egzekitif

Imèl: mmmoore@ilcnsca.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan 978-741-0077

Faks: 978-741-1133

MetroWest Center for Independent Living

280 Irving Street, Framingham, MA 01702

Paul Spooner, Direktè egzekitif

Imèl: pspooner@mwcil.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan 508-875-7853

Faks: 508-875-8359

Multicultural Independent Living Center of Boston

329 Center Street, Jamaica Plain, MA 02130

Derrick Dominique, Direktè egzekitif

Imèl: ddominique@milcb.org

Pale ak yon anplwaye : 617-942-8060

Sèvis pou malantandan/Faks: 617-942-8630

Northeast Independent Living Program

20 Ballard Road, Lawrence, MA 01843

June Cowen, Direktè egzekitif

Imèl: jcowen@nilp.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan 978-687-4288

Faks: 978-689-4488

Southeast Center for Independent Living

Merrill Bldg, 66 Troy Street, Fall River, MA 02720

Lisa Pitta, Direktè

Imèl: lpitta@secil.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan 508-679-9210

Faks: 508-256-2377

Stavros Center for Independent Living

210 Old Farm Rd, Amherst, MA 01002

Jim Kruidenier, Direktè

Imèl: jkruidenier@stavros.org

Pale ak yon anplwaye/Sèvis pou malantandan 413-256-0473

Faks: 413-256-0190

Blesi nan sèvo ak Sèvis kominotè espesyalize pou tout Eta a (BISSCS)

BISSCS bay divès sèvis ki baze nan kominote a pou sipòte fanmi ak moun ki gen blesi twomatik nan sèvo yon faktè ekstèn te koze.

Kisa yon blesi nan sèvo akòz yon faktè ekstèn ye?

Yon blesi nan sèvo akòz yon faktè ekstèn rive lè sèvo a domaje poutèn yon fòs fizik ekstèn. Moun lan te gendwa gen yon chòk nan tèt, tèt li vin fwape yon objè imobil oubyen tèt li te sekwe ak anpil fòs. Sa gendwa rive nan yon aksidan machin, lè moun lan tonbe fò, oubyen akòz yon zak vyolans. Solda nan batay gendwa sibi yon blesi twomatik nan sèvo (TBI) apre yon eksplozyon yon bonb oswa yon onn de chòk. Kalite evènman sa yo gendwa pwovoke difikilte pou aprann (koyitif), sosyal ak konpòtmantal.

Èske yo pa aksepte sèten kalite blesi nan sèvo?

Pami egzanp blesi nan sèvo ki pa koze poutèt yon faktè ekstèn epi ki pa satisfè kondisyon pou kalfiye, genyen atak serebro-vaskilè (stwok), mank oksijèn, ovèdoz dwòg ak timè nan sèvo.

Ki sèvis yo ofri?

Se Paleman an ki fikse bidjè pou pwogram sa a ak aksè nan Fon Twòs pou Sèvis Tretman Blesi nan Tèt (Head Injury Treatment Services Trust Fund) chak ane. Sèvis yo ofri tout moun gen ladann:

- Enfòmasyon osijè blesi nan sèvo, resous lokal ak benefis
- Pwogram sosyal ak divètisman pou moun ki gen blesi nan sèvo
- Anplwaye SHIP ak espesyalis klinik ap bay sistans teknik jeneral ak konsiltasyon pou lekòl, ajans ak pwogram yo
- N ap defann moun ak oryante yo
- Kontak ak moun ki sanzabri ak ansyen militè ki gen blesi nan sèvo
- Pwogram divètisman pou moun mi gen blesi nan sèvo

Pami sèvis ki gendwa disponib pou demandè ki kalifye yo se:

- Sèvis kowòdinasyon ak konsiltasyon pou fanmi a
- Sèvis rezidansyèl ak konpayon
- Jesyon dosye
- Asistans nan men Sant Sèvis Rejyonal (Springfield, Pittsfield, Greenfield, Raynham, Hyannis ak Quincy)
- Fòmasyon ak sipò endividyèl
- Sèvis pou moun ki konsome dwòg ak alkòl
- Teknoloji ki bay asistans
- Asistans teknik ki espesifik pou kliyan ak konsiltasyon opre lekòl, kolèj, anplwayè ak lòt ajans ak pwogram

Elijibilite

Ou gendwa elijib pou resevwa sèvis si:

- Ou rezide nan Massachusetts, laj ou pa enpòtan
- Ou blese twomatik nan sèvo yon faktè ekstèn te koze epi ki dokimante
- Ou gen andikap nan domèn koyitif, fizik epi/oswa konpòtman ki gen pou wè ak blesi a
- Ou kapab patisipe nan sèvis ki baze nan kominote a

Kijan pou mwen aplike?

Nenpòt kimoun gendwa rele nou oswa kontakte nou ak imèl epi mande yon aplikasyon. Apre nou fin resevwa yon aplikasyon, anplwaye yo ap chèche konnen si w elijib, yo pral analize tout dosye ki disponib ki gen pou wè ak blesi nan tèt ou an. Yo pral voye yon lèt pou enfòmè w si w elijib.

Anplwaye yo disponib pou diskite pwosesis aplikasyon an avèk ou epi pou reponn kèlkeswa kesyon osijè sèvis yo. Pèsonèl la ak Sant Sèvis Rejyonal yo disponib pou ede w ranpli aplikasyon an.

Si w bezwen enfòmasyon ak lòt kalite asistans, kontakte BISSCS:

Pale ak yon anplwaye: 617-204-3852
Sèvis pou malantandan: 617-204-3817
Nimewo gratis: 800-223-2559
Faks: 617-204-3889
Imèl: shipu@mrc.state.ma.us

Sèvis Pwoteksyon

Komisyon Pwoteksyon Moun Andikape (Disabled Persons Protection Commission — DPPC) responsab pou ankete plent abi yon moun k ap bay swen ap fè sou yon moun ki andikape. Rapòtè ki gen manda ak sa ki paa gen manda fè rapò chak fwa yo sispèk gen sityasyon abi sou yon moun ki andikape; yo rele nan **Nimewo gratis DPPC nan 1-800-426-9009** epi apre sa yo voye DPPC yon rapò alekri.

Selon andikap ki anrejistre pou moun lan, yo pral voye rapò a apre sa nan ajans ki apwopriye an ki pral fè yon ankèt epi l ap bay moun ki sibi abi an sèvis.

Anba otorite ak siveyans ofisyèl DPPC, Pwogram Sèvis Pwoteksyon (PSP) MRC an fè ankèt sivil lè gen akizasyon abi tankou zak fizik, abi seksyèl, emosyonèl ak vèbal ak omisyon yon moun k ap swen yon andikape ki andikape fizik epi ki gen ant 18 ak 59 lane. Yo ofri sèvis pwoteksyon pou anpeche moun ki andikape a sibi plis domaj, lè yo dekouvri moun andikape a te gravman blese

akòz zak epi/oswa inaksyon (omisyon) moun ki t ap okipe l lan.

Yo fè ankèt osijè konsomasyon dwòg oswa alkòl nan yon kad kominotè. Yo entèvyouve moun ki viktim abi an lakay li, nan yon pwogram lajounen, lopital (si yo te kenbe li lopital poutèt blesi li te sibi yo), oubyen nan yon anviwònman anketè ak viktim lan chwazi ansanm, si lakay li prezante twòp risk pou li.

Nan kad pwosesis ankèt la, yo diskite akizasyon yo non sèlman ak moun ki t ap swen viktim lan ak rapòtè an, mentou ak pèsònèl medikal la, asistan sosyal yo, lapolis, sikyat, adminsitratè dosye epi/oswa manm fanmi a. Yo pral konsilte tout dokiman medikal enpòtan yo ak rapò lapolis yo.

PSP MRC an kolabore ak lapolis ak biwo Avoka Eta a sou dosye abi ki gen ladann aktivite kriminel.

Lè yo deside viktim abi an te gravman blese akòz abi li te sibi an, yo pral louvri yon dosye epi Anketè PSP MRC an responsab pou bay sèvis pwoteksyon pou anpeche moun lan kontinye viktim.

Kijan pou denonse abi

Se pou w voye denonse kèlkeswa sityasyon abi ou sispèk yon moun ki andikape ap sibi nan nimewo gratis Komisyon Pwoteksyon Moun Andikape a genyen 24è sou 24 nan 800-426-9009.

Sèvis Teknoloji ki bay Asistans

Pwochen kat (4) paj yo pral esplike anpil aspè nan teknoloji ki bay asistans (AT), ikonpri elijibilite, livrezon ak finansman.

Teknoloji ki bay asistans (AT) se kèlkeswa aparèy oswa atik sèvis ki amelyore oubyen etann kapasite yon moun pou li viv yon fason ki pi endepandan. Anpil atik diferan gendwa teknoloji ki bay asistans, ikonpri ekipman pou adaptation konpitè, wakè, aparèy pou tandè, aparèy pou amelyore memwa, loup ki gwosi lèt yo, chèz woulant, modifikasyon andedan yon veyikil ak plis bagay toujou.

MRC ofri sèvis teknoloji ki bay asistans bay moun k ap patisipe nan pwogram Reyabilitasyon Pwofesyonèl ak Lavi Kominotè nou yo. Gen sèten modifikasyon nan kaya k nan veyikil MRC fè tou.

Asistans adaptasyon ak Reyabilitasyon pwofesyonèl

Konseye Reyabilitasyon pwofesyonèl moun lan dwe fè yon referans pou sèvis AT pou kliyan ki bezwen AT pou yo kapab akonpli yon aktivite espesifik. Apre sa, Kowòdonatè AT MRC an pral kontakte youn nan ajans yo pou yo ka fè evalyasyon AT. Founisè AT sa a pral evalye bezwen kliyan an pou AT epi l ap voye yon rapò bay Kowòdonatè AT a. Si IPE a te rekòmande aparèy (yo) oswa fòmasyon an antan yon sèvis, yo pral otorize l. Founisè AT a pral achte aparèy pou adaptasyon (yo), adapte li selon bezwen moun lan epi enstale li kote yo te mande a. Founisè an pral montre kliyan an kijan pou sèvi ak AT.

AT ak Lavi Endepandan

Pwogram Teknoloji pou Asistans Lavi Endepandan ofri aparèy teknoloji pou asistans ak fòmasyon. Aparèy teknoloji pou Asistans (AT) ede moun kontwole piyen anviwònman yo ak amelyore opòtinite pou yo reyalize objektif yo fikse pou tèt yo. Teknoloji ki bay Asistans ede moun fè aktivite tankou kondui, fè chòping, ekri chèk oubyen lèt, jere lajan, kontwole anviwònman yo, itilize konpitè ak kominote ak lòt moun.

MRC siyen kotnra ak òganizasyon ki baze nan kominote a pou yo fè evalyasyon AT, achte ak enstale ekipman epi òganize fòmasyon ak asistans teknik.

Òganizasyon sa yo ofri sèvis nan rejyon an sèlman epi yo gen aparèy AT souplas yo kapab itilize pandan evalyasyon ak fòmasyon an.

- Easter Seals of Massachusetts (Sèvis ki gen pou wè ak VR nan tout Eta a ak sèvis ki gen pou wè ak IL atravè biwo ki sitye nan Nòdès, nan sant MA ak nan rejyon metwopolitèn Boston)
- United Cerebral Palsy of Berkshire County
- UMass Dartmouth Center for Rehabilitation Engineering (Sèvis ki gen pou wè ak IL nan Sidès MA).

Kijan mwen ka aplike pou sèvis AT?

Pou aplike pou sèvis AT, rele founisè rejyonal AT a ki make sou lis anlè a.

Poutèt lajan nou limite epi anpil moun ap mande sèvis, w ap petèt dwe enskri non ou sou yon lis datant pou sèvis yo. Si w dwe enskri sou lis datant, apre yo verifye si w elijib, yo pral mete moun nan lòd sa a: moun ki vini anvan ap resevwa sèvis anvan lòt yo.

Moun ki andikape ki elijib pou resevwa sèvis nan men lòt ajans Biwo egzekitif ak Sèvis imen (Executive Office of Health and Human Services) ta dwe refere opre ajans sa yo pou jwenn sèvis AT. Pa gen okenn restriksyon laj, menmsi timoun ki gen laj pou ale lekòl ki elijib pou sèvis Chapit 766 ta dwe aplike opre Otorite Edikasyon Lokal la si yo bezwen AT ki gen pou wè ak lekòl.

Kliyan Divizyon Reyabilitasyon pwofesyonèl MRC an gendwa resevwa divès kalite sèvis teknoloji pou reyabilitasyon pou pèmèt yo reyalize objektif travay yo. Pami sèvis sa yo, genyen:

- Modifikasyon andedan yon veyikil
- Evalyasyon ak fòmasyon pou kondui yon fason ki adapte
- Sistèm kontwol anviwònman
- Konpitè ki adapte
- Aparèy pou ogmante kominikasyon
- Asistans teknik pou anplwayè ak founisè sèvis
- Modifikasyon nan kay moun lan
- Aparèy pou deplase
- Modifikasyon lye travay la
- Fòmasyon ak suivi pou itilize kèlkeswa ekipman yo bay moun lan

Si w bezwen plis enfòmasyon, kontakte pwogram Teknoloji pou Asistans MRC:

Pale ak yon anplwaye: 617-204-3851

Aparèy telekominikasyon pou malantandan: 617-204-3815

Faks: 617-727-1354

Pwogram Lwa Massachusetts pou Teknoloji ki bay Asistans

Program sa, yo konn rele tou MassMATCH, chèche mete teknoloji ki bay asistans nan men moun ki andikape. Pou sa, MassMATCH kreye opòtinite pou li ka jwenn, prete, jwenn enfòmasyon ak finanse AT nan tout Eta a.

MassMATCH finanse de (2) Sant Rejyonal (ATRC yo) ki bay kliyan, manm fanmi ak pwofesyonèl aksè nan AT. Sa gen ladann:

Demonstrasyon ak aparèy yo

Sant Rejyonal AT yo òganize demonstrasyon sou aparèy ak lojisyèl ki pi resan yo. Moun ki andikape, manm fanmi, edikatè, anplwayè, terapèt ak lòt moun toujou gendwa jwenn enfòmasyon osijè AT grasa demonstrasyon Pratik sa yo.

Prete aparèy yo

Sant Rejyonal AT yo konn prete ekipman pandan jiska 4 semèn pou 'teste' aparèy yo. Moun gendwa prete anvan pou yo achte yo; sa ka ede yo fè evalyasyon, fòmasyon epi yo kapab prete aparèy yo ann atandan, lè pwòp aparèy pa yo an pann.

Adrès Sant Rejyonal MassMATCH AT yo

Pou Lès Massachusetts, kontakte:

Katie Krusinski ak Cathy Bly,
Kowòdonatè ATRC
Easter Seals Technology & Training Center
89 South Street
Boston, MA 02111
Nimewo gratis: 800-244-2756
Pale ak yon anplwaye : 617-226-2640
Imèl: ATRC@eastersealsma.org

Pou Lwès Massachusetts, kontakte:

Dawn Matthews, Kowòdonatè ATRC
United Cerebral Palsy of Berkshire County
208 West Street
Pittsfield, MA 01201
Pale ak yon anplwaye : 413-442-1562
Imèl: ATRC@ucpberkshire.org

Pwogram Massachusetts pou Prete Teknoloji ki bay Asistans

MATLP bay lajan pou achte teknoloji ki bay asistans. Se Easter Seals Massachusetts ki jere li ansanm ak Sovereign Bank ki founi prè yo. Misyon MATLP se pou ogmante endepandans moun ki andikape lè li founi yo aparèy teknoloji ki bay asistans ki bon mache.

Kijan pwogram lane de moun?

Pwogram lan ofri to denterè ki pi ba pase sa yon bank nòmal konn pwopoze epi dire repeman an baze sou konbyen tan aparèy yo achte a ta sipoze mache kòrèkteman . Pa egzanp, moun peye pifò prè pou konpitè an 3zan, alòske yo gendwa repeye yon prè pou modifiye yon veyikil pandan yon peryòd ki pi long. Sa pèmèt moun ki resewa prè a pou peman mansyèl rete ba, poutèt yo etann yo sou peryòd tan ki pi long. Pèsonèl pwogram la fòme pou ede moun fè prè a,

Prè alontèm pou aparèy disponib tou. Moun ki bezwen yon prè ki elijib epi ki pwouve yo gen bezwen finansye gendwa prete aparèy ki vo mwens pase \$500 pou tout tan yo bezwen yo. Sant Rejyonal AT kapab ede w ak fè aplikasyon an.

Si w bezwen plis enfòmasyon, rele Ferol Smith gratis, Direktè Pwogram, nan Easter Seals Massachusetts:

Pale ak yon anplwaye: 800-244-2756 ext.428 or 431

Sèvis pou malantandan: 800-564-9700

Wèbsayt: www.massatloan.org

Imèl: info@massatloan.org

Pwogram Prè pou Modifikasyon Kay (HMLP)

HMLP bay prè pou modifiye aksè nan rezidans prensipal granmoun, adilt ak fanmi ki gen timoun ki andikape. Pami egzanp modifikasyon ki gendwa elijib anba pwogram sa a, gen enstalasyon adaptasyon sansoryèl, asansè pou chèz woulant oswa ti pant siman (ranp), elajisman pòt ak modifikasyon nan saldeben tankou pwaye pou leve w ak douch kote moun antre ak chèz woulant.

Kimoun ki kapab aplike pou yon prè?

Pwopriyetè kay ki andikape, moun ki rete nan yon kay ki andikape oswa pwopriyetè ki lwe yon moun andikape yon lojman gendwa aplike pou yon prè. Yo pral baze egzijans reveni sou revni brit tout moun ki rete nan menm kay la ak pwopriyetè kay la. Kèlkeswa fwaye a ki rete nan yon pwopriyete ki gen mwens pase 10 inite gendwa elijib. Se pwopriyetè lojman an ki pou aplike. Se pou inite ki bezwen modifikasyon yo rezidans prime prensipal moun (yo) ki andikape. Se

pou modifikasyon yo gen yon rapò dirèk ak andikap espesifik lokatè a epi pou yo nesesè pou yo kapab kontinye rete nan lojman an.

Ki direktiv ki genyen konsènan revni?

Yo pral mande w fè verifikasyon revni; w ap dwe voye fotokopi deklarasyon revni, deklarasyon enpo, konfimasyon benefis oswa bout chèk. Yo pral itilize direktiv konsènan revni yo epi moun ki gen revni ki depase 200% direktiv yo p ap elijib. Si yo deside ou elijib, yo pral enfòmè osijè kalite prè pouki ou kalifye. Fwaye ki gen jiska 100% revni mwayen an pral gen yon prè ak yon to enterè 0%; sa yo ki gen ant 100% jiska 200% revni mwayen pral benefisyè yon prè ak yon to enterè 3%.

Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade wèbsayt nou an nan www.mass.gov/mrc/hmlp oswa kontakte Susan Gillam, Kowòdonatè Kontak ak Piblik la

Imèl: susan.gillam@state.ma.us

Pale ak yon anplwaye :617-204-3851

Mass Access: Rejis Lojman ki aksesib pou andikape

Mass Access se yon wèbsayt ki bay enfòmasyon sou lojman ki vid, aksesib pou andikape ak bon mache. Mass Access, yo konn rele tou Rejis Lojman ki aksesib, fè lis inite lojman ki aksesib oswa adaptab nan Eta a epi li note si yo disponib. Se Asosyasyon Sitwayen pou Lojman ak Planifikasyon (Citizens Housing and Planning Association) ki jere li, epi Mass Access mete an relasyon moun ki andikape ak pwopriyetè ak manadjè lojman ki aksesib pou andikape. Baz done Mass Access an gen ladann enfòmasyon osijè lojman leta federal oswa Eta a sibvansyone, lojman leta ak lojman prive, lojman ki sou mache a.

Mass Access fè envantè divès kalite enfòmasyon, ikonpri kalite lojman, anplasman nan chak vil oswa minisipalite, nivo lwaye, kantite chanm, karakteristik katye a ak si lojman an gen moun ladann oswa si li vid.

Paj “Kisa ki Nouvo” sou wèbsayt Mass Access an suiv lis kupon Seksyon 8 ki louvri toujou ansnam ak nouvo opòtinite lojman.

Kimoun ki kapab itilize Mass Access?

Nenpòt kimoun ki andikape, yon manm fanmi oswa yon defansè dwa w gendwa jwenn enfòmasyon lojman grasa Mass Access, san yo pa gade laj, revni oswa kalite andikap moun lan genyen.

Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan

www.massaccesshousingregistry.org oswa rele youn nan òganizasyon sila yo:

Asosyasyon Sitwayen pou Lojman ak Planifikasyon:

Pale ak yon anplwaye (Vwa)/Sèvis pou malantandan (TTY): 617-742-0820

Faks: 617-742-3953

Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts:

Pale ak yon anplwaye (Vwa): 617-204-3851

Sèvis pou malantandan (TTY): 617-204-3815

Faks: 617-727-1354

Lwa Eta ak lwa federal mete pwoteksyon solid pou moun ki andikape kont diskriminasyon nan lojman. Lwa ki pwoteje dwa pou egalite chans tout moun pou jwenn lojman ki pwoteje dwa moun andikape gen ladann:

- Amanman Lwa sou Egalite tout moun pou jwenn lojman
- Dwa Moun ki andikape pou yo jwenn lojman nan Massachusetts
- Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon nan lane 1973
- Lwa Ameriken ki Andikape nan lane 1990.

Ki pwoteksyon lwa sa yo bay?

Li ilegal pou fè diskriminasyon kont yon moun nan lojman poutèt yo andikape, oswa poutèt yon moun ki rete avèk yo andikape oswa gen lentansyon rete nan menm kay la oubyen poutèt yon ki moun asosye ak moun ki vle rete nan lojman an.

Si w bezwen plis enfòmasyon, kontakte MRC:

Nimewo gratis: 800-734-7475

Pale ak yon anplwaye : 617-204-3854

Sèvis pou malantandan: 617-204-3834

Faks: 617-204-3847

Wèbsayt: www.mass.gov/mrc

Pwogram Renonsyasyon Lajan suiv Moun lan (MFP)

Demonstrasyon Rebalansman Lajan an suiv moun lan (Money Follows the Person Rebalancing Demonstration), yo konn rele tou “Demonstrasyon MFP”, se yon pati yon estrateji federal pou ede granmoun ki frajil ak moun ki andikape ki bezwen swen alontèm pou yo tranzisyone soti nan etablisman ki bay swen nès konn bay, lopital kwonik ak pou reyabilitasyon, lopital sikyatrik ak etablisman swen entèmedyè pou yo antre lakay yo oswa nan lòt anviwònman ki baze nan kominote a.

Moun ki ta renmen enskri nan pwogram MFP an dwe gen plis pase 18tan, se pou li gen divès andikap ikonpri andikap fizik, entelektyèl, sikyatrik ak newolojik

epi pou li resevwa benefis MassHealth ak pou li rezide nan yon etablisman swen alontèm pandan omwens 90 jou; epi se Medicaid ki e peye oswa ki pral peye dènye jou li te sejourne nan etablisman an.

Yo pral etabli senk (5) Biwo Kowòdinasyon Rejyonal MFP (RCO yo) pou bay sipò ak asistans tranzisyonèl nan tout Eta a pou moun ki enskri nan Demonstrasyon MFP an. Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts (MRC) se yon ajans Eta a ki reponsab pou siveyans operasyonèl pwogram la.

MRC panse Demonstrasyon MFP an pral kòmanse nan peryòd prentan 2013.

Si w bezwen enfòmasyon adisyonèl, tanpri rele nan 617-204-3772.

Pwogram Angajman Kliyan

Pwogram Angajman Kliyan Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts la fè yon gwo jefò pou kreye relasyon kolaborasyon ak moun ki andikape k ap resevwa sèvis li yo. MRC vle antre an kontak kliyan yo pou l kapab konnen sa yo panse osijè pwosesis pou etabli politik ajans lan. Anplwaye nou yo ki travay nan touletwa (3) pwogram MRC yo kontre regilyèman ak kliyan nou genyen koulye, ansyen kliyan an kliyan potansyèl pou mande yo konsèy ak opinyon yo.

Misyon prensipal angajman kliyan se pou valorize ak amelyore sistèm livrezon sèvis ajans lan grasa kowoperasyon ak manm kominote moun andikape pou fè pwojè ki enterese nou tout. MRC gen twa divizyon:

- Lavi kominotè (CL)
- Sèvis pou evalyasyon andikap (DDS)
- Reyabilitasyon pwofesyonèl (VR)

Konsèy Defans enterè Kliyan Twa Distri yo

Estrateji angajman piblik MRC an se yon apwòch inovant pou sèvis pwogram leta pou reyabilitasyon pwofesyonèl (VR). Li fèt pou kreye nouvo patenarya ant resous kominotè yo ak divizyon Kavi Kominotè grasa Konsèy Defans enterè Kliyan Distri a ki pou jwenn solisyon nan tout kesyonki gen pou wè ak reyabilitasyon kominotè moun ki andikape yo.

Konsèy yo kontre ak anplwaye reyabilitasyon pwofesyonèl ak ekspè nan resous kominotè pou diskite epi fè rekòmandasyon osijè demann ki gneyen lokalman pou jwenn sèvis reyabilitasyon ak aksè nan resous kominote a.

Konferans jwent pou Kliyan (Joint Consumer Conference)

Yo òganize evènman sa a chak ane pou kapab pataje enfòmasyon, pou prezante materyo edikatif ak pou kontre moun (networking). Reprezantan ki soti nan MRC, MCB ak nan MCDHH ak nan Sant IL yo, ansanm ak Konsèy Konsiltatif VR yo, patisipe aktivman nan planifikasyon ak devlopman ajenda konferans sa a.

Rejis Konsiltan Kliyan Endividyèl (Individual Consumer Consultant — ICC)

Sèvis peyan ki an rapò ak yon pwojè ofri pèsònèl ajans lan ak Konsèy yo asistans nan domèn tankou:

- Planifikasyon, devlopman oswa evalyasyon pwogram
- Etid ak sondaj
- Evalyasyon aksesibilite fizik biwo/espas konferans
- Fòmasyon pèsònèl ak kliyan yo
- Konsiltasyon kliyan nan pwosesis Solisitasyon Repons (RFR)
- Konsiltasyon kliyan nan devlopman plan Eta a pou odyans piblik

Yo founi kliyan yo Entèprèt ki pale langaj siy, Asistan Swen Pèsonèl ak ranbousman depasman yo lè yo bezwen sèvis sa yo lè yo gen responsabilite nan ICC epi/oswa SRC.

Konsèy Reyabilitasyon Eta a (SRC)

Se Gouvènè a ki nonmen Konsèy la epi se Lwa Federal ki mandate li (Lwa sou Mendèv ak Tit IV, seksyon 105) epi li kontre ak Komisè a epi ak manm pèsonèl li omwens kat (4) fwa pa ane. Yo te kreye divès komite pèmanan yo pou jwenn solisyon pou kesyon ki gen wot proyorite epi se Konsèy la okonplè ki dirije yo.

Pami manm yo, gen yon melanj kliyan, anplwayè, founisè sèvis, defansè enterè ansanm ak lòt reprezantan ajans Eta a. Konsèy la, yo konn rele li ak akwonim SRC, responsab pou konsilte, analize ak konseye MRC an konsènan pèfòmans pwogram sèvis Reyabilitasyon pwofesyonèl li anba Lwa Reyabilitasyon, Tit I ak 6C.

Lòt pwogram konsiltatif kliyan

Pwogram Lavi Endepandan, Pwogram tout Eta a pou Moun ki Blese nan Tèt (Statewide Head Injury Program), ak Pwogram Asistans Lakay òganize treyinyon Konsèy Konsiltatif regilyèman. Se paran, pwofesyonèl ak moun ki andikape ki ale nan reyinyon sa yo.

Sipò adisyonèl

Anpil anplwaye biwo VR zòn yo ap asiste gwoup kliyan ki baze lokalman nan jefò y ap fè pou edike kliyan, konstui kominote ki aksesib pou moun ki andikape ak amelyore anviwònman an pou moun ki andikape anjeneral.

Si w bezwen plis enfòmasyon osijè Pwogram Angajman Kliyan an, tanpri rele nan 617-204-3665.

Anèks

- Lis kontwol VR lan
- Biwo Reyabilitasyon pwofesyonèl pou tout Eta a
- Nimewo telefòn
- Kontak ki itil
- Abrevyasyon yo itilize anpil

Yo kite paj sa a blanch pou w kapab make bagay sou li



**LIS KONTWOL
VR**

REYABILITASYON PWOFEYONÈL

Tanpri ranpli Lis kontwol sa a epi mennen li avèk ou nan premye randevou an.
Epitou pote dosye medikal ki pi resan ou yo ki montre ki klaite andikap ou genyen.

Non _____ Dat _____

Adrès _____

Nimewo telefòn lakay ou _____ Nimewo selilè w _____

Imèl _____

Tanpri endike si w konn resevwa benefis sa yo:

- | | | |
|---|---|---|
| <input type="checkbox"/> Medicaid | <input type="checkbox"/> Medicare | <input type="checkbox"/> TAFDC |
| <input type="checkbox"/> Koupon manje | <input type="checkbox"/> Lojman sibvansyone | <input type="checkbox"/> EAEDC |
| <input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè | <input type="checkbox"/> Blue Cross | <input type="checkbox"/> Lòt asirans oswa HMO/PPO |
| <input type="checkbox"/> Sekirite Sosyal* SSI | <input type="checkbox"/> SSDI | <input type="checkbox"/> Toulede SSI/SSDI |

***Si w resevwa youn nan benefis sa yo, tanpri pote dokiman sa a avèk ou nan premye randevou VR lan pou tèt li gendwa akselere pwosesis pou yo chèche konnen si w elijib ak pou yo ba w sèvis pi vit.**

Tanpri fè lis tout pwofesyonèl kit e ba w swen pou andikap ou genyen yo pandan 5 dènye lane ki sot pase yo:

(Non, Adrès, Nimewo telefòn)

(kontinyasyon)



Tanpri dekri ki andikap ou genyen ak jan li afekte w.

Tanpri fè lis tout lòt enfòmasyon ou panse ki gendwa itil pou konseye a kapab asiste w pou w ka ale travay.

Èske ou te deja gen difikilte jwenn yon djòb?

Èske ou te deja gen difikilte kenbe yon djòb?

**Tanpri siyen la a pou montre ou te li Gid pou Kliyan sa a.
Si w gen preyokipasyon, tanpri pale de sa ak konseye w.**

SIYATI _____

MRC-Biwo Zòn pou Reyabilitasyon Pwofesyonèl

Anba la a, w ap jwenn lis biwo zòn VR yo ak minisiplaite ak vil yo desèvi anjeneral. Ou gendwa resevwa sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl nan men nenpòt ki biwo zòn, menmsi biwo ou chwazi a pa sou lis lan antan founisè sèvis pou minisipalite oswa vil kote ou rete a. Ou gendwa repere minisipalite/vil ki pi pre w lan nan li ski anba la a.

Distri Nò	Distri Sid	Distri Lwès
Brookline	Boston (Santvil)	Greenfield
Fitchburg	Brockton	Holyoke
Framingham	Cape and Islands	Milford
Lawrence	Fall River	Pittsfield
Lowell	New Bedford	North Adams
Malden	Plymouth	Springfield
Salem	Quincy	Sturbridge
Somerville	Roxbury	Worcester
	Taunton	

Zòn Boston - Santvil

18 Tremont Street, 2nd floor

Boston, MA 02108

617-357-8137 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

617-482-5576 (Faks)

Back Bay, Beacon Hill, Charlestown, Chelsea, Dedham, Dorchester, Boston, East Boston, Kenmore Square, North End, Revere, South Boston, West End ak Winthrop

Brockton Area

55 City Hall Plaza

Brockton, MA 02301

508-583-1530 (Pale ak yon anplwaye)

508-580-9816 (Sèvis pou malantandan)

508-427-5788 (Faks)

Abington, Avon, Bridgewater, Brockton, Canton, East Bridgewater, Easton, Holbrook, Rockland, Sharon, Stoughton, West Bridgewater ak Whitman

Zòn Brookline

320 Washington Street, 2nd Floor

Brookline, MA 02445

617-739-9080 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

617-232-9256 (Faks)

Allston, Brighton, Brookline, Jamaica Plain, Newton, Roslindale ak West Roxbury

Zòn Cape & Islands

181 North Street

Hyannis, MA 02601

508-775-6173 (Pale ak yon anplwaye)

508-775-6173 (Sèvis pou malantandan)

508-790-4926 (Faks)

Barnstable, Bourne, Brewster, Cataumet, Centerville, Chatham, Chilmark, Chilton, Cotuit, Dennis, Dennisport, East Sandwich, Eastham, Edgartown, Falmouth, Forestdale, Gay Head, Gosnold, Harwich, Hyannis, Mashpee, Monument Beach, Nantucket, Oak Bluffs, Orleans, Osterville, Provincetown, Sandwich, Tisbury, Truro, Wellfleet, West Tisbury ak Yarmouth

Fall River Area

170 Pleasant Street, Room 300

Fall River, MA 02721

508-678-9041 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

508-676-2734 (Faks)

Assonet, East Freetown, Fall River, Freetown, Somerset, Swansea ak Westport

Fitchburg Area

76 Summer Street, Room 330

Fitchburg, MA 01420

978-345-1713 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

978-343-6949 (Faks)

Ashburnham, Ashby, Ayer, Barre, Berlin, Bolton, Clinton, Fitchburg, Gardner, Gilbertville, Groton, Hardwick, Harvard, Hubbardston, Lancaster, Leominster, Lunenburg, New Braintree, Oakham, Pepperell, Princeton, Rutland, Shirley, Sterling, Templeton, Townsend, Westminster ak Winchendon

Zòn Framingham

463 Worcester Road, Suite 305

Framingham, MA 01701

508-370-4700 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

508-370-4799 (Faks)

Ashland, Dover, Framingham, Holliston, Hopkinton, Hudson, Lincoln, Marlboro, Maynard, Medfield, Natick, Needham, Northborough, Sherborn, Southborough, Stow, Sudbury, Wayland, Wellesley, Westborough, Weston ak Westwood

Zòn Greenfield

238 Main Street, 3rd Floor

Greenfield, MA 01301

413-774-2326 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

413-774-4654 (Faks)

Amherst, Ashfield, Athol, Bernardston, Buckland, Charlemont, Colrain, Conway, Cummington, Deerfield, Erving, Gill, Goshen, Greenfield, Hadley, Hatfield, Hawley, Heath, Leverett, Leydon, Monroe, Montague, New Salem, Northfield, Orange, Pelham, Petersham, Philipston, Rowe, Royalston, Shelburn, Shutesbury, Sunderland, Warwick, Wendell, Whately ak Williamsburg

Zòn Holyoke

187 High Street

Holyoke, MA 01040

413-536-8200 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

413-533-5022 (Faks)

Belchertown, Chesterfield, Chicopee, Easthampton, Granby, Holyoke, Ludlow, Middlefield, Monson, Northampton, Palmer, South Hadley, Southampton, Ware, Westhampton ak Worthington

Zòn Lawrence

280 Merrimack Street, 3rd Floor

Lawrence, MA 01843

978-685-1731 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

978-975-9907 (Faks)

Amesbury, Andover, Boxford, Bradford, Byfield, Georgetown, Groveland, Haverhill, Lawrence, Merrimack, Methuen, Newbury, Newburyport, North Andover, Rowley, Salisbury ak West Newbury

Zòn Lowell

325 Chelmsford Street, #6

Lowell, MA 01851

978-458-4544 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

978-937-9879 (Faks)

Acton, Bedford, Billerica, Boxborough, Burlington, Carlisle, Chelmsford, Concord, Dracut, Dunstable, Littleton, Lowell, Tewksbury, Tyngsboro, Westford ak Wilmington

Zòn Malden

157 Pleasant Street

Malden, MA 02148

781-324-7160 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

781-388-9345 (Faks)

Everett, Lexington, Lynnfield, Malden, Medford, Melrose, North Reading, Reading, Saugus, Stoneham, Wakefield, Winchester ak Woburn

Zòn Milford

100 Medway Road, Suite 102

Milford, MA 01757

508-478-0700 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

508-634-0746 (Faks)

Bellingham, Blackstone, Douglas, Franklin, Grafton, Hopedale, Medway, Mendon, Milford, Millbury, Millis, Millville, Norfolk, Northbridge, Plainville, Sutton, Upton, Uxbridge, Whitinsville ak Wrentham

Zòn New Bedford

888 Purchase Street

New Bedford, MA 02740

508-993-6255 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

508-979-8554 (Faks)

Acushnet, Buzzards Bay, Dartmouth, Fairhaven, Marion, Mattapoisett, New Bedford, Rochester ak Wareham

Zòn North Adams

37 Main Street, 3rd floor

North Adams, MA 01247

413-663-5391 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

413-664-7963 (Faks)

Adams, Cheshire, Clarksburg, Florida, Hancock, Lanesborough, North Adams, New Ashford, Savoy ak Williamstown

Zòn Pittsfield

6 Clinton Avenue

Pittsfield, MA 01201

413-499-2720 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

413-443-4835 (Faks)

Alford, Becket, Dalton, Egremont, Great Barrington, Hinsdale, Lee, Lenox, Monterey, Mt. Washington, New Marlborough, Otis, Peru, Pittsfield, Richmond, Sandisfield, Sheffield, Stockbridge, Tyringham, Washington, West Stockbridge ak Windsor

Zòn Plymouth

40 Industrial Park Road, Suite 206

Plymouth, MA 02360

508-747-5922 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

508-830-1899 (Faks)

Carver, Duxbury, HaliFaks, Hanover, Hanson, Kingston, Marshfield, Pembroke, Plymouth ak Plympton

Zòn Quincy

275 Hancock Street, 2nd Floor

North Quincy, MA 02171

617-471-1600 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

617-770-1893 (Faks)

Braintree, Cohasset, Hingham, Hull, Milton, Norwell, Norwood, Quincy, Randolph, Scituate ak Weymouth

Zòn Roxbury

40 Dimock Street, 3rd Floor

Roxbury, MA 02119

617-442-5510 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

617-442-5724 (Faks)

Hyde Park, Dorchester, Mattapan, Roxbury ak South End

Zòn Salem

35 Congress Street, Suite 105

Salem, MA 01970

978-745-8085 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

978-745-9063 (Faks)

Beverly, Danvers, Essex, Gloucester, Hamilton, Ipswich, Lynn, Magnolia, Manchester by the Sea, Marblehead, Middleton, Nahant, Peabody, Rockport, Salem, Swampscott, Topsfield ak Wenham

Zòn Somerville

5 Middlesex Avenue, Suite 302

Somerville, MA 02145

617-776-2662 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

617-776-1331 (Faks)

Arlington, Belmont, Cambridge, Somerville, Waltham ak Watertown

Zòn Springfield

1 Federal Street, Bldg. 102-1

Springfield, MA 01105

413-736-7296 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

413-737-5693 (Faks)

Agawam, Blandford, Chester, East Longmeadow, Granville, Hampden, Huntington, Longmeadow, Montgomery, Russell, Southwick, Springfield, Tolland, West Springfield, Wilbraham ak Westfield

Zòn Sturbridge

57 Main Street

Sturbridge, MA 01566

508-347-7661 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

508-347-5743 (Faks)

Brimfield, Brookfield, Charlton, Dudley, East Brimfield, East Brookfield, Holland, North Brookfield, Oxford, Southbridge, Spencer, Sturbridge, Wales, Warren, Webster ak West Brookfield

Zòn Taunton

21 Spring Street, 1st Floor

Taunton, MA 02780

508-823-8141 (Pale ak yon anplwaye)

508-821-3797 (Sèvis pou malantandan)

508-821-3796 (Faks)

Attleboro, Berkley, Dighton, Foxboro, Lakeville, Mansfield, Middleboro, North Attleboro, Norton, Raynham, Rehoboth, Seekonk, Taunton ak Walpole

Zòn Worcester

359 Main Street

Worcester, MA 01608

508-754-1757 (Pale ak yon anplwaye - Sèvis pou malantandan)

508-799-7576 (Faks)

Auburn, Boylston, Cherry Valley, Holden, Leicester, Paxton, Shrewsbury, West Boylston ak Worcester

Nimewo telefòn

Anba la a w ap jwenn nimewo telefòn biwo administratif MRC yo ansanm ak lòt sèvis pou tout Eta a. Ou kapab pale ak yon anplwaye (Vwa) oswa ak yon Aparèy telekominikasyon pou moun ki soud oswa malantandan (TDD).

Enfòmasyon jeneral/Resepsyon

Vwa : 617-204-3600

TDD: 617-204-3868

Sèvis administratif

Vwa : 617-204-3860

TDD: 617-204-3865

Nimewo gratis/Vwa 800-245-6543 (MA sèlman)

Faks Prensipal 617-727-1354

Komisè MRC 617-204-3600

Asistans Komisè VR 617-204-3608

Pwogram VR 800-245-6543 (Nimewo gratis)

Asistan Komisè CL 617-204-3655

617-204-3867 (TDD)

Pwogram CL 800-223-2559 (Nimewo gratis)

Asistans Komisè DDS 800-882-2040 (Vwa -Nimewo gratis)

617-654-1600 (Vwa /TDD)

Pwogram DDS 800-223-3212 (TDD - Nimewo gratis)

Depatman jiridik 617-204-3816 (Vwa /TDD)

Ombudsperson 617-204-3603

617-204-3868 (TDD)

800-245-6543 (Vwa - Nimewo gratis)

Sèvis relè Massachusetts 800-439-0183 (Vwa - Nimewo gratis)

800-439-2370 (TDD - Nimewo gratis)

Wèbsayt

www.mass.gov/mrc

Kontak ki itil

Asosyasyon Blesi nan sèvo MA	800-242-0030 (TDD - Nimewo gratis) 508-475-0042
Biwo Planifikasyon Tranzisyonèl Sant Dwa pou Andikape	617-727-7600 617-723-8455 617-227-9464 (TDD)
Federasyon Timoun ki gen bezwen espesyal Komisyon MA pou Moun ki avèg Komisyon MA pou Moun ki sou oswa malantandan	617-236-7210 (Vwa/TDD) 617-727-5550 617-740-1600 (Vwa/TDD) 800-882-1155 (Nimewo gratis)
Depatman MA pou Timoun ak Fanmi Depatman MA pou Sèvis devlopman Depatman MA Edikasyon, Divizyon Ed. espesyal Depatman MA Sante mantal Depatman MA Sante piblik Depatman MA Asistans tranzisyonèl Depatman MA Sèvis Lajenès Konsèy Andikap Devlopmantal MA	617-748-2000 617-727-5608 781-388-3300 617-626-8000 617-624-6000 617-348-8400 617-727-7575 617-727-6374 617-727-1885 (TDD)
Administrasyon Sekirite sosyal	800-772-1213 (Nimewo gratis)
Konsèy Lavi Endepandan nan tou Eta a Paralizi serebral (United Cerebral Palsy)	508-620-7452 617-926-5480 617-926-8051 (TDD)

Abrevyasyon yo itilize anpil

ABI	Acquired Brain Injury (Blesi nan sèvo akòz yon faktè ekstèn)
ADA	Americans With Disabilities Act (Lwa Ameriken ki Andikape)
ADHD	Attention Deficit Hyperactivity Disorder (Twoub Defisit Atansyon Ipèaktivite)
AT	Assistive Technology (Teknoloji ki bay asistans)
BISSCS	Brain Injury and Statewide Specialized Community Services (Blesi nan sèvo ak Kominote espsyalize nan tout Eta a)
CAP	Client Assistance Program (Pwogram Asistans Kliyan)
CBES	Community-Based Employment Services (Sèvis Anplwa ki baze nan kominote a)
CHAPA	Citizens Housing and Planning Association (Asosyasyon Sitwayen Lojman ak Planifikasyon)
CRP	Community Rehabilitation Providers (Founisè Reyabilitasyon Kominotè)
CL	Community Living (Lavi Kominotè)
DDS	Disability Determination Services (Sèvis Evalyasyon Andikap) Department of Developmental Services (formerly DMR) (Depatman Sèvis Devlopmanal (ansyen DMR))
DMH	Department of Mental Health (Depatman Sante Mantal)
DPH	Department of Public Health (Depatman Sante Piblik)
DPPC	Disabled Persons Protection Commission (Komisyon Pwoteksyon Moun ki Andikape)
DTA	Department of Transitional Assistance (Depatman Asistans Tranzisyonèl)
EAEDC	Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children (Èd ann ijans pou Granmoun, Moun andikape ak Timoun)
EEP	Extended Employment Program (Ekstansyon Pwogram Anplwa)
EOHHS	The Executive Office of Health and Human Services (Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante ak Imen)
ESS	Employment Services Specialist (Espesyalis Sèvis Anplwa)
HCAP	Home Care Assistance Program (Pwogram Asistans Swen Lakay)
	(kontinyasyon)

HMO	Health Maintenance Organization (Òganizasyon Antretyen Sante)
HMLP	Home Modification Loan Program (Pwogram Prè pou Modifikasyon Kay)
ICC	Individual Consumer Consultant (Konsiltan pou Kliyan Endividyèl)
IDEA	Individuals with Disabilities Education Act (Lwa Edikasyon pou Moun ki Andikape)
IEP	Individual Education Plan (Plan Edikasyon Endividyèl)
ILC	Independent Living Center (Sant Lavi Endepandan)
IMPACT	Informed Members Planning and Accessing Choices Together (Manm ki enfòm k ap planifye ak develop ansanm chwa yo genyen)
IPE	Individual Plan for Employment (Plan Endividyèl pou Anplwa)
ITP	Individual Transition Plan (Plan Tranzisyon Endividyèl)
JPS	Job Placement Specialist (Espesyalis Plasman nan Djòb)
LEA	Local Education Authority (Otorite Lokal pou Edikasyon)
MA	Massachusetts
MATLP	Massachusetts Assistive Technology Loan Program (Pwogram Massachusetts Prè pou Teknoloji ki bay Asistans)
MCB	Massachusetts Commission for the Blind (Komisyon Massachusetts pou Moun ki Avèg)
MCDHH	Massachusetts Commission for the Deaf and Hard of Hearing (Komisyon Massachusetts pou Moun ki Soud ak Malantandan)
MFP	Money Follows the Person (Lajan suiv Moun lan)
MRC	Massachusetts Rehabilitation Commission (Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts)
OJE	On the Job Evaluation (Evalyasyon nan djòb la)
OJT	On the Job Training (Fòmasyon nan djòb la)
PAS	Personal Assistance Services (Sèvis Asistans Pèsonèl)
PCA	Personal Care Assistant (Asistan Swen Pèsonèl)
PPO	Participating Provider Option (Opsyon Founisè k ap Patisipe)
RFR	Request for Response (Solisitasyon Repons)
SES	Statewide Employment Services (Sèvis Anplwa pou tout Eta a)

(kontinyasyon)

SHIP	Statewide Head Injury Program (Pwogram Blesi nan Tèt pou tout Eta a)
SILC	Statewide Independent Living Center (Sant Lavi Endepandan pou tout Eta a)
SNAP	Supplemental Nutrition Assistance Program (formerly Food Stamps) (Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (ansyen Koupon Manje)
SRC	State Rehabilitation Council (Konsèy Reyabilitasyon pou tout Eta a)
SSA	Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal)
SSDI	Social Security Disability Insurance (Asirans pou Andikape Sekirite Sosyal)
SSI	Supplemental Security Income (Reveni Sekirite Sipleman tè)
TAFDC	Transitional Assistance for Families with Dependent Children (Asistans Tranzisyonèl pou Fanmi ak Timoun Depandan)
TAP	Transition to Adulthood Program (Pwogram Tranzisyon nan Lavi Adilt)
TBI	Traumatic Brain Injury (Blesi Twomatik nan Sèvo)
T-22	Turning 22 (Prèske gen 22zan)
TDD	Telecommunication Device for the Deaf (Aparèy kominikasyon pou Moun ki soud (Sèvis pou malantandan)
TTY	Text Telephone (Telefòn ak tèks (Sèvis pou malantandan)
VR	Vocational Rehabilitation (Reyabilitasyon pwofesyonèl)
VRC	Vocational Rehabilitation Counselor (Konseye Reyabilitasyon Pwofesyonèl)


Nòt

Deval L. Patrick
Gouvènè

Timothy P. Murray
Lyetnan Gouvènè

John Polanowicz
Sekretè, Biwo Egzekitif pou Sèvis Sante ak Imen

Charles Carr
Komisè, Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts



Massachusetts Rehabilitation Commission

Administrative Offices
600 Washington Street
Boston, MA 02111

800-245-6543 (Nimewo gratis)
617-204-3600 (Vwa)
617-204-3868 (TDD)
(617-727-1354 (Faks)
www.mass.gov/mrc